ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ1ЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩК1У

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№211 (23.369) ● 2016 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 1, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Шынагъуэншагъэр нэхъыщхьэщ

● Зэ1ущ1эхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэкI1уэ Юрий иригъэк1уэк1ащ Къэбэрдей-Балъкъэр-рым Терроризмэм пэщ1этынымк1э и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ я зэ1ущ1э. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лы1ык1уэхэр, хабзэхъумэ I уэхущ1апI эхэм я лэжьак1уэхэр, район унафэщ1хэр.

ЗэIУЩIЭР къыщыдэIуихым, К1уэкI1уэ Юрий къыхиубзащ къэрал властыр, щ1ынI1э самоуправленэр, хабзэхъумэ органхэр зэрызэдэлажьэм и фIыгъэк1э, хабзэр зегъэк1уэнымрэ абы тетынымк1э щ1ынI1э къалэнхэм республикэр зэрыпэ-лъэщыр. «Абы щыгъуэми, - къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм, - иужьрейуз къэхъуа I уэхум - полицэм и офицерхэм къатеуэу МВД-м и лэжьак1уитI зыих1уэ-дам - тепщ1ыхьмэ, Къэбэрдей-Балъкъэ-рыр терроризм зэдзыщ1энк1э хъунэ щ1ынI1э иджыри к1онэж. Апхуэдэуи, сэ сызэреплъымк1э, терроризмэмрэ экстре-мизмэмрэ щымыгъэI эныкъо къэухъуа республикэм щегъэк1уэк1ыпхъэ лэжьыгъэм хухах ахъщэр арэзы укъинэу къэгъэсэ-бэпа хъурк1ым».

К1уэкI1уэ Юрий КъБР-м экстремизмэмрэ щ1ал1эгъуэлъэ политикэмрэ пыщ1а лэжьыгъэхэр щ1ынI1эхэм щызэгъэзыIунымк1э и министр Къэушырокъуэ Зэлым, район унафэщ1хэм, хабзэхъумэ Iэнатl эхэм я л1ык1уэхэм къалэн ящи1ащ1 щ1ыхъэм къэлэгъуалэм я I уэхущ1апIэхэр зэрыщ1эну, экстремизмэм пэщ1э-тынымк1э егъэк1уэк1ыпхъэ лэжьыгъэм хухах мылъку и чэзуи къагъэсэбэпыну.

- Щ1ыхьб зэк1уэтыныгъэм и махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым I уэхугъуэ 75-м щ1игъу щек1уэк1ынуц, щ1ыхь куэд хэту. Дыхуэсакъыу а махуэм зыхуэдгъэхъэзы-рын хуейщ, щ1ыхьэм я шынагъуэншагъэр къыздгъэпэщын папщ1э, - къыхигъэ-щащ и псалъэм КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъБР-м къэрал к1уэцI I уэхущхэмк1э и ми-нистр **Ромашкин Игорь** тепсэлъыхьащ щэк1уэгъуэм и 4-м зэрызыхуагъэхъэ-зырым. Абы жи1ащ гуфIэгъуэ махуэм щ1ыхь мини 6-м щ1игъу зэрыщ3хуишэсы-нур, абыхэм я шынагъуэншагъэм УФ-м Къэрал к1уэцI I уэхущхэмк1э и министерст-вэм и дзэхэм хэт лэжьак1уэ 520-рэ зэрыпэ-к1эльэлIэныр. «Мы махуэхэм нэхъ тк1ийуэ к1эльыдгъэпльынущ хамэ къэ-рал щыщу республикэм кхъхьэхэм. Апхуэдэуи къауэ пкъыгъуэхэр къэзы-лъыхъуэ I эщ1агъэлIэхэр дгъэлэжьэнущ», - жи1ащ Ромашкин Игорь.

КъБКъУ-мрэ КъБК1АУ-мрэ я прорек-торхэу **К1ымыкIуэ I эуесрэ Щ1ыхьмырзэ Мухьэмэдрэ** къыщ1ипсалъэм къыхагъэ-щащ экстремизмэм зэрыпэщ1этын I уэху убзыхуа еджапI э нэхъыщхьэхэм я1эн зэрыхуейр.

Зэ1ущ1эм къыщ1ипсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и к1уэдзэ - егъэджэныгъэмк1э, щ1эныгъэмрэ щ1а-лэгъуалэм я I уэхущхэмк1э и министр **Емуз Нинэ**, КъБР-м Транспортымрэ связымк1э и къэрал комитетым и унафэщ1 **К1удей Арсен** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луиз3.

Марьяш Иринэ Налшык щыпсэухэм яхуозэ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и К1эрал Думэм и депутатхэр республикэм и цIыхухэм ящыщу я щхьэ I уэхук1э къекI уал1эхэм яхуозэ. Марьяш Иринэ апхуэдэ зэ1ущ1э жэпуэгъуэм и 27-м иригъэк1уэк1ащ. Ар хэпльащ псэупI э-коммунальнэ хозяйствэм, цIыхухэр хущхъуэк1э к1уэзэгъэпэщык-ным, унэ кхъахэхэм щ1эс-хэр къыщ1эгъэI эпхъу-к1ыным, мылъкук1э дэI эпык1уным хуэгъэ-зауэ цIыхуибгъум къы-халъхьа лъэIухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ.

НЭХЪ ЯПЭК1Э депутатыр яхуэзащ Шэрдэж, Бахъсэн районхэм ящыщ хэхак1уэ зыбжанэм. Апхуэдэ зэ1ущ1э Марьяш Иринэ Прохладнэ районми щригъэк1уэк1ыну и мурадщ.

«К1эрал Думэм и депутату сызэрыщыгъым, «Урысей зэкъуэт» партым сызэрыхэтым кхъэк1уэ сэ цIыхухэр зыхэт гугъуехьхэм куууэ щыгъуэз зыс-щ1ын хуейуэ си къалэнщ. Абыхэм къагъэувкэзм япк1э итк1э, хуей щ1ыхъуэ дэж, сэ властым и органхэмрэ зи лъэIум сыхэплъахэмрэ я зэрыщ1эныгъэр къыззэ-гъэпэщ1ыпхъэу къыщ1олъы-тэ. Нэхъыщхьэ дыдэр къык1эльык1уэ зэ1ущ1эхэм ирихьэлIэу апхуэдэ лъэ-Iухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ я ятеухуауэ едгъэк1уэк1а I эжьыгъэм цIыхухэр щ1ыгъуазэ щыщ1ыкIынырц»,- жи1ащ Марьяш Иринэ.

2014, 2015 гъэхэм къриубыдэу республикэм зи школ к1уэгъуэ мыхъуа сабий-хэм щыщыбэ 8697-рэ зэк1уэлIэну I уэхущIа-пIэхэр зэтраухуащ икIи абы и фIыщ1эк1э зи школ к1уэгъуэ мыхъуахэр егъэджэнымк1э программэ нэхъыщхьэ зыгъэзащ1э I уэху-щIапIэхэр зэпэубыдауэ зэрыщытхэр къы-зэранэк1ащ. Абыхэм иджы зи ныбжьыр илъэси 3-7-м ит псори ек1уэлIэну I эмал яI эщ.

Ипотекэ кредитхэр къыщ1ахыIэк1э къэрал дэI эпык1уныгъэм и Iэмалхэр къагъэсэбэп, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псэу-пIэ фондым жьы дыдэ хъуауэ хэт унэхэм щ1эсхэр къыщ1агъэI эпхъук1ынымк1э яуб-зыхуа лэжьыгъэхэр зэблэу къыхэмык1уу ягъэзащ1э. Нобэм ирихьэлIэу апхуэдэ унэхэм ц1ыху 1429-рэ къыщ1агъэк1ащ, илъэсыр иухыху иджыри 769-рэ ягъэIэпхъуэнущ.

Къэрал, муниципальнэ I уэхущхэбзэхэр зэфIэгъэк1ынымк1э къалэн куэд зыгъэ-защ1э центру 12 къызэIуахащ зэуэ цIыху 233-м I уэхущхэбзэхэр щ1ыхущIэу, апхуэдэ I уэхущхэбзэхэр къуажэдэсхэм хуащ1э I э-щ1агъэлIу 145-м. Къэрал, муниципальнэ I уэхущхэбзэхэр зэфIэгъэк1ынымк1э къа-лэн куэд зыгъэзащ1э центрыр къагъэ-сэбэпри, республикэм исхэр къэрал I уэхущ-хьэбзэхэмк1э портал зэгуты мтхэныр къы-зэрагъэпэщащ. Къэрал (муниципальнэ) I уэхущхьэбзэу 132-рэ зэфIэгъэк1ынымк1э къэрал властым и Гъэзэщ1ак1уэ орган-хэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ынI э унафэр зезыгъак1уэ и органхэр, къэрал властым и федеральнэ органхэр зэрызэдэлажьэ ведомствэ зэхуаку элек-трон зэпыщ1эныгъэ зэтрагъуэващ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхэщыхъуэк1ыныгъэ нэхъыщхьэщ абы лъэпкъ куэд зэрисыр, дин зэмылIэужьыгъуэхэри зэрыщ1ыгъыр. Республикэм лъэпкъ щэнхабзэ центру, лъэпкъ жылагъуэ зэгухэныгъуэ 20-м щ1игъу щолажьэ икIи абыхэм я мурад нэхъыщхьэр лъэпкъ щэнхабзэр, анэдэлъхубзэр, хабзэхэр хъумэныр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ынсэхэр щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ пщ1э яхуэщ1ык-ным хуэущиныр.

- Интервьюхэм ящыщ зым Уэ къыщыхэбгъэщауэ щытащ зэман гъунэгъум узыхущIэкъунухэр. Абыхэм ящыщщ щ1ынаI эмк1э щ1ытык1эм инвестор-хэр дегъэхьэхыныр, I уэхущIапIэщ1эхэр, лэжьапI э I энатIэщ1эхэр къызэIухыныр. Экономикэм зегъэужьынымк1э нэхъ мыхьэнэшхуэ зиI э I энатIэхэм ящыщу гулъытэ хэха зыгъэотынур сыт хуэдэхэра?

- Экономикэм и сэбэпныгъэр къэзыгъэ-лъагъэхэм ящыщщ финансхэм я хэк1ыпIэ псоми я хьэк1ык1э капитал нэхъыщхьэ ха-лъхьэ инвестицэхэр зыхуэдизыр. Абы и лъэныкъуэк1э, къапщтэмэ, 2014 гъэм апхуэдэ инвестицэхэр зэрыхъуу цыхэм елъытауэ 2015 гъэм ар процентэ 121,5-м, е сом мелард 31,4-м нэсащ.

(К1эухыр 2-нэ нап.).

Хъэцык1у Л. Б. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зи1э и юрист» ц1э лъапIэр фIэщыным и I уэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хъэлэлу зэрылажьэм папщ1э «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зи1э и юрист» ц1эр лъапIэр фIэщын **Хъэцык1у Ленэ Батlал и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымк1э и къэрал комитетым правовой лэжьыгъэмк1э и секторым и унафэщ1ым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ К1УЭК1УЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№129-УГ

К1УЭК1УЭ Юрий: Республикэм хъэщIагъэ ярихыфынущ Урысейми нэгъуэщI къэралхэми къикI туристхэм

КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Ю. А. «Stav-Press» журналыр зыщ1эупщ1ахэм жэуап-хэр яритащ.

- Республикэр ящыщщ Урысейм и Президентым и накъыгъэ указхэр гъэзэщ1эныкъэ лэжьыгъэшхуэ щек1уэк1 щы-нал1эхэм. Нобэм ирихьэлIэу сыт зэфIа-гъэк1э? Адэк1э ял1ыкIын хуейуэ сыт щыI э?

- Ди лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщ-хьэхэм ящыщ зыщ УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэ-к1а указхэр гъэзэщ1эныр. Абы къандэрэ республикэм и экономикэм фIы и лъэныкъуэк1э зэхъуэк1ыныгъэ пыухыкIахэр иг1уэтащ. 2011 гъэм елъытауэ валовэ щ1ынаI э-ным и продуктым процентэу 9,4-к1э хэхъуащ икIи 2015 гъэм ар сом меларди 130-м нэсащ.

Зэк1э къыщэрабжамк1э, валовэ щ1ына-I э продуктым хиубыдэу инвестицэхэр процент 24,1-рэ мэхъу, 2011 гъэм зэрыхъуу щыта процент 23-м елъытауэ. Апхуэдэу 2011 гъэм елъытауэ валовэ щ1ынаI э про-дуктым щыщу технологие лъагэхэмрэ щ1эныгъэмрэ зи лъабжьэ I энатIэм къы-щIигъэк1ыр процент 13,6-к1э нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэу лэжьыгъэм къыпэк1уэ хъэрми 2011 гъэм елъытауэ хэхъуащ икIи а зэманым къуриубыдэу процентэу 110,3-м нэ-сащ.

«Социальнэ политикэр пхыгъэк1ыным-к1э лэжьыпхъэхэм я I уэхук1э» Урысей Фе-дерацэм и Президентым 2012 гъэм на-къыгъэм и 7-м къыдигъэк1а Указ №598-р зыхуэзэгъэ-ным и Правительствэ-мрэ Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэк1а Указ №598-р зыхуэзэгъэ-ным и Правительствэ-мрэ нэхъыщхьэ цIыхухэм я уэзыншагъэр гъэ-быдэныгъ, абыхэм я гъащIэр нэхъ к1ыхь щ1ыныгъ. Уэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ лъэныкъуэ хэхэмрэ илъэсищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым процентэ 10,6-к1э щагъэмэ-щ1эн яхуэзэгъэк1ащ. Кавказ Ищхъэрэ фе-деральнэ округым хиубыдэу сабий щ1ынэ-хэм ящыщу I эжьэр щынэхъ мащIэ щ1ына-нал1эхэм ди республикэр яхэтщ. Гулъытэ хэха хуащI медицинэ дэI эпык1уныгъэр цIыхухэр щ1ыпIэкIэ япэгъунэгъуу къыщык1ыгъэ-пэщ1ыным икIи абы папщIэ узыншагъэр хъумэныкIэ I уэхущIапIэ-щ1эхэр яуэх. Республикэм и дохутыр-физкультурэ диспансерыр зэрагъэпэщык1ы, Прохладнэ къалэм и район сымаджэщым хирургиемк1э и къудамэм и унэщ1э яуэх сымаджэу 180-рэ щ1эхуэну, «Жьэн узым щеIэзэ диспансер» къэрал к1эзонэ I уэхущIа-пIэм и унэр капитальнэу зэрагъэпэщык1ы. 2014 гъэ л1андэрэ пэщ1эдзэ медицинэ дэI эпык1уныгъэм хиубыдэу фельдшер-акушер пункт 51-рэ, амбулаторэ 11 ящIащ.

Комсомолым и махуэр ягъэлъапIэ

ВЛКСМ-р къыщ1эгъэпэщрэ илъэс 98-рэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу Налшык къалэм пэк1у щек1уэк1ащ.

АБы хэтахэм удз гъэгъахэр трагъэхьащ «Мыужьых мафIэм», Граждан зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ хэк1ыда комсомолхэм я фэеплъым.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынаI э къудамэм и унафэщ1 Пащты Борис къыхигъэщащ комсомолыр щагъэлъапIэ махуэм фыщIэ псалъэ зэрыжьыIэпхъэр дунейм щыIэпэ социалистическэ къэралыгъуэ къызэзыгъэпэща Ленин Владимир.

Пэк1у нэужьым, абы хэтахэр к1уащ Сабий-ныбжьыщIэ творчествэмк1э унэу Налшык дэтым. Ар комсомолым хэтхэм я къару защI эк1э яуэхуат.

60-80 гъэхэм республикэм и комсомол зэгухэ-ныгъэм и пашэу щытахэр абдеж къыщыпсэльащ. Сабий творчествэмк1э унэм и гъэсэн цIыкIухэм махуэшхуэм и щIыхьк1э уэрэдхэр жалащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и жэрдэмхэр деIыгъ

КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Юрий лэжьыгъэ Iуэху-к1э и дежи дыгъуасэ иригъэблэгъащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪК1ЭРЫМ и Iэтащхьэмрэ К1АХ-м и тхьэмадэмрэ тепсэлъыхьащ щ1ынаI эм и про-мышленностымрэ мэкъумэш I энатIэмрэ я I уэху эыIутым, лъэпкъ-жылагъуэ зэхущытык1эхэм, «Нал-шык» аэропортымрэ гъущI гъуэгу вокзалымрэ къызэ-рагъэщIэрэщIэжым, Тырныауз щыIэ вольфрам-мо-либден комбинатыр зэрызэрагъэпэщыжыным, гидро-метзаводыр Налшык къалэ зэрыдахынум, КъБР-м и Хьыбаregъащ1э I энатIэхэм халъхьэну зэхъуэк1ы-ныгъэхэм, «Медиа-холдинг» къызэрызэрагъэпэщым, нэгъуэщIхэми.

Дяпэк1э лъабжьэ къыпэщыIуть Iуэхугъуэхэм я гугъу щащIым, К1уэк1уэмрэ Хьэфыщ1эмрэ къыгуеибIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу къызэгъэпэщащ1э гуп зэрызэхащэнум. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм а I уэхум хилъхьэфынухэр къигъэлъэгъуащ Мухьэмэд икIи ар КъБР-м и Iэтащхьэм диIыгъащ. Апхуэдэуи «Шэрджэс хэкэсхэр» музейр ди щIыналъэм къащыхъэжьыным теухуауэ Хьэфыщ1ым иIэ мурадхэр игу ирихьащ, икIи ар къызэгъэпэщыныгъэ дэI эпык1уныгъэ хъуну къигъэгугъащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Фэеплъ

Кулиев Къайсын къызэралъхурэ нобэ илъэс 99-рэ ирокIу



Дэтхэнэ лъэпкъми и анэдэлъхубзэм и хъугъэ-фIыгъуэхэр зыхъумэж а бзэмк1э I уа псалъэу щ1ыхъуи и гум къинэжаращ. Бахъсэн лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIыпIэа Кулиев Къайсын утыку къащ1ихьа зэманым усакIуэр ауэ псалъэхэр сатыр-сатыру зэзы-гъэк1уф I эщ1агъэлI къудей-тэкъым, ар бэм я гугъэт, я чэнджэщагъуэт, я гъэзу-гъэлъагъуэт. Тхэныр I эщ1а-гъэ зэрыхъурэ а къалэныр ехь щ1ыхьэм я гур зэзы-шэлIэфа дэтхэнэ тхэк1уэфI-ми. И пщэ дилъхьэжа I уэхур нэгъэсауэ къызэхъуIэхэм ящыщщ Кулиев Къайсыни.

И гъащIэ гъуэгур

1917 гъэм щэк1уэгъуэм и 1-м Шэджэм Ипщэ къуажэм къащ1алъхуащ.

1926 гъэм Шэджэм Ищхъэрэ дэт къуажэ еджапIэм щI эт1ысхьащ, абы къащ1эк1а нэужь Налшык дэт пед-техникумыр къиухащ.

1933 гъэм и япэ усэхэр къытрадзэн щ1адзащ.

1935 - 1939 гъэхэм ГИТИС-мрэ Литературэ институтымрэ Мэзкуу къащ1ищухащ, къащ1ал1эуа щ1ынаI эм къигъэзэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр дейинститутым егъэджак1уэу щ1ил1эжьащ.

1938 гъэм СССР-м и Тхак1уэхэм я союзым хагъэ-хьащ.

1940 гъэм и япэ усэ тхыльэр Налшык балъкъэ-рыбзэк1э къащ1ыдок1.

1941 гъэм и мэкъуаугъэм Хэку зауэшхуэм мак1уэ.

1946 - 1956 гъэхэм Кулиевыр илъэсипщ1ык1э щыпсэуащ К1ыргъызым - Фрунзе къалэм, республикэм и литературэ гъащIэм жыдкIэри хэту, ауэ и усэхэр тридзэну хуимыту.

1956 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжащ, литературэ курс нэхъыщхьэхэр Мэзкуу къащ1ищухащ.

1970 гъэм томитI хъуу я усэ тхылъхэр къыдэк1ащ.

1975 гъэм публицистикэ тхыгъэхэр щ1эзэхуэхъэса тхылъ къыдигъэк1ащ.

1985 гъэм мэкъуаугъэуэм и 4-м Шэджэм къалэм дунейм щехьжащ.

Саугъэтхэмрэ ц1э лъапIэхэмрэ:

- Лениным и орденыр
- Бэракъ Плъыжь орденит
- Октябрь Революцэм и орден
- Хэку зауэ орденит
- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ ц1эр
- РСФСР-м и К1эрал саугъэт
- СССР-м и К1эрал саугъэт
- Лениным и саугъэт (дунейм екIужауэ)
- Армением щэнхабзэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ.

(Фык1еджэ 2-нэ напэм ит тхыгъэм)

Нэхъыжьхэм я псэук1эм я нэIэ трагъэк1ыркъым

«Геронтологие дэI эпык1уныгъэм и щытык1эмрэ я I энатIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьынымрэ теухуауэ» КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмк1э, лэжьыгъэмк1э, узыншагъэр хъумэнымк1э и комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусен сымэ республикэм и геронтологие центрым щ1ыIащ икIи абы щек1уэк1 лэжьыгъэм щыгъуазэ зашIащ. I уэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ **Хьэжымыкъуэ Руслан** щ1игъуу хъэщIэкIэ поликлиникэми стационар къудамэми ептьащ. Егоровэ Татьянэ центрым къек1уалIэхэм епсэлъащ икIи абыхэм медицинэ I уэхутхьэбзэхэр къызэрыхуащIэм, дохутырхэмрэ адрей лэжьак1уэхэмрэ къа-

● КъБР-м и Парламентым

зэрыхущытым щ1эупщIащ.

Стационарым щ1эпхъэм къыхагъэщащ псори абыхэм гуапэу къа-зэрыхущытыр, хущхъуэк1э, нэгъуэщI зыхуеину I эмэпсымэхэмк1э зэи гугъу зэ-ремыхьыр, пэшхэр къабзэу зэрызэрахьэр, I эфIу зэрагъашхэр. Ауэ а псоми къа-дэк1уэу къуихагъэщащ центрым къэухъумэным хэлъхьэ-нык1ыныр зэригъэ-зэщIар. Ахъщэр центрым щыIэ гуапэхэр яжриIащ республикэм щыпсэу нэхъыкъуэм дэI эпык1уныгъэ езыт I энатIэм зегъэужьынымк1э иджыпсту къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къызэралы-тэр и къэхуэгъэщащ.

Хъэжымыкъуэ Руслан зэрыжи1амк1э, геронтологие центрым иригъэк1уэк1 лэжьыгъэр Iыхьэ нэхъыщхьэу щы мэхъу. Абыхэм ящыщ зыр къызэрегъэпэщ геронтологием къыпэщыт I уэху-хэр щ1эныгъэм тету убзыхуны-мрэ ахэр дэгъэк1ынымк1э къудамэм. Абы зэхэлъхьэ икIи къегъэсэбэп жьы дыдэ хъуахэмрэ нык1уэдык1уэхэмрэ я къарур зэтегъэувэжынымк1э, гъащIэми жылагъуэ I уэхухэми жыджэру хэтынымк1э Iэмалхэр. Щ1эныгъэлIэхэм ящыгъуу геронтологие центрым и лэжьак1уэхэм зэхалъхьэ икIи къагъэсэбэп цIыхур пасэу жьы зыщI щхьэусыгъуэхэр къэмыгъэхъуным хэгъэзэ методикэхэр. Мыбы щагъэ-защIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и нэхъыжь дыдэхэр», «Дуней псом жьыгъэм пыщIагъэ щыIэ I уэхухэмрэ балигъхэм я уэныщагъэр къэпщытэныр» программэхэр, нэгъуэщIхэри.

(К1эухыр 2-нэ нап.).

Республикэм хьэщIагъэ ярихыфынущ Урысейми нэгъуэщI къэралхэми къикI туристхэм

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Бизнесым Iэмал нэхъыфIхэр къыхузэгъэпэщыным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я фIыщIэкIэ 2015 гъэмрэ дызэрыт илъэсым щыщу блэкIа мазибгъумрэ къриубыдэу псори зэхэту сом мелард 13,2-рэ зи уасэ инвестицэ проект инхэу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр зэфIагъэкIащ. Абыхэм хиубыдэу лэжьапIэ IэнатIэщIэу 1500-м щIигъу къызэрагъэпэщащ. Иужьрей илъэсхэм лажьэу яутIыпщащ: Прохладнэ районым - хадэхэкIыу тонн мин 75-рэ къэлэжьыным, хъумэным, зехьэным, щэным хуэщIа иджырей комплекс, Бахъсэн районым - щэкI щызэIуащэ IэнатIэ, Налшык къалэ округым - горох щхъуантIэ, нартыху цIынэ, джэш банкIхэм щралъхьэ консерв заводыщIэ. Iуащхьэмахуэ лъапэ кIапсэ гъуэгухэм я ещанэ Iыхьэр щаутIыпщащ, «Мир» станцым щегъэжьауэ «Гара-Баши» станцым нэсу, «Севкаврентген-Д» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ медицинэ рентген техникэр къыщыщIэгъэкIыныр зэтрагъэуващ, джэдкъазым и лым елэжь цех, илъэсым Iус зэхэлъу тонн мин 50 къыщIэзыгъэкI иджырей комбикорм завод хьэзыр ящIащ.

- Иджыпсту гулъытэшхуэ хуащI бизнесым и IэнатIэр егъэфIэкIуэным. Абы и лъэныкъуэкIэ фи деж сыт щалэжьрэ?

- Хьэрычэт Iуэхухэм цIыху нэхъыбэ хыхьэн папщIэ бизнесым и IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зэрыдаIыгъ муниципальнэ программэхэр гъэзэщIэным республикэм и ахъши хелъхьэ. Апхуэдэу хьэрычэт лэжьыгъэм пыщIахэми ядоIэпыкъу, псалъэм папщIэ, банкхэм къыIаха кредитхэм процентыкIэ щхьэщатыкIым щыщ Iыхьэ хуапшыныж, товархэр (лэжьыгъэхэр, Iуэхутхьэбзэхэр) зэрызэфIагъэкIыр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ, къащэхуа оборудованэм трагъэкIуэда ахъшэм щыщ Iыхьэ хуапшыныж, жылагъуэ сэбэпынагъ зиIэ мурадхэр гъэзэщIэным хуэгъэза социальнэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI хьэрычэт IэнатIэм, бизнесым и IуэхущIапIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ хиубыдэхэм къагъэсэбэпа ахъшэм щыщ Iыхьэ хуапшыныж.

Бизнесым налогхэм я лъэныкъуэкIэ щхьэщатыкIыным, апхуэдэу лэжьэн щIэзыдзагъащIэхэм Iэмал тэмэмхэр къахузэгъэпэщыным, цIыхухэм хьэрычэт Iуэхум хуаIэ жыджэрагъыр къэIэтыным хуэгъэза лэжьыгъэм хиубыдэу иджыблагъэ ягъэхьэзыращ «КъБР-м и щIыналъэм налогхэр нэхъ къызэрыгуэкIыу зэрытралъхьэ щIыкIэмрэ патентхэмрэ къыщызыгъэсэбэп уней хьэрычэтыщIэхэм папщIэ налогхэмкIэ ставкэр процент 0 хъууэ гъэувыным и Iуэху кIэ» КъБР-м и законым и проектыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм патентхэм япкъ иткIэ налогхэр зэрыщытралъхьэм и IуэхукIэ» 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №86-РЗ-м халъхьащ патент Iэмалыр къыщагъэсэбэп хъуну хьэрычэтыщIэ IэнатIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр нэхъыбэ зыщI зэхъуэкIыныгъэхэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым турист-рекреацэ IэнатIэм щIэгъэхуэбжьауэ зегъэужьыныкIэ Iэмал гъуэзэджэхэр иIэщ. Iуащхьэмахуэ лъапэ и курортхэу сытым дежи зыгъэпсэхуакIуэхэр, бгы-лыжэ спортым дихьэххэр щыкуэдхэр егъэфIэкIуэнымкIэ сыт ялэжьа, адэкIэ зэфIагъэкIыну сыт къапэщыт?

- Курортыр зэфIэгъэувэжыным - лыжэ къэжыхьыпIэхэр зэгъэпэщыжыным къыщегъэжьауэ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъуэгур гъэлэжьэным нэсу - иужьрей гъэхэм икъукIэ Iуэхушхуэхэр зэфIагъэкIащ. Я уасэкIэ, яIэ тыншыпIэхэмкIэ зэхуэмыдэу хьэщIэщхэр ящI. Инфраструктурэм зрагъэубгъу. 2015-2016 гъэхэм я зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу Iэмэпсымэхэр бэджэнду щат иджырей центр къызэIуахащ. Абы и Iуэхутхьэбзэхэм ящыщщ туристхэр Iэмэпсымэхэмкiэ къызэгъэпэщыныр, инструктор IэкIуэлъакIуэхэр егъэбыдылIэныр, нэгъуэщIхэри.

Дызэрыт зыгъэпсэхугъуэ зэманым курортым къыщызэIуаха турист-хъыбарегъащIэ центрым зыгъэпсэхуакIуэхэм чэнджэщхэр ярет зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым, хэхауэ - Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщыгъэпсэхуным пыщIа IуэхухэмкIэ. Апхуэдэу абы дяпэкIэ туристхэр къызэригъэпэщынущ къуршхэм дэкIынымкIэ, бгылыжэ турхэр къызэгъэпэщынымкIэ зыхуей информацэмкIэ.

Курортым спортым и лъэныкъуэкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIхэми зауж. Абы и къэжыхьыпIэхэр дунейпсо мардэхэм къызэрезэгъым теухуа аттестацэ зэрырагъэкIуэкIам и фIыщIэкIэ иджы республикэм Iэмал игъуэтащ зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэу дунейпсо мыхьэнэ зиIэхэр къызэригъэпэщынымкIэ. Зэпымыууэ зыкIэлъыплъ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ хьэщIэхэм я шынагъуэншагъэмрэ абыхэм я узыншагъэмрэ. КъБР-м и турист IэнатIэм и предприятэхэм яIэщ террорым зыщыхъумэным зэрыхуэхьэзырымкIэ паспортхэр. Бгы-лыжэ курортым адэкIэ зегъэужьыныр къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ Iуащхьэмахуэ курортым и экономикэ щIыналъэ хэха къызэгъэпэщынымрэ ар гъэлэжьэнымрэ.

КъБР-м и Правительствэм къищтащ республикэм и Iуащхьэмахуэ районым и турист-рекреацэ экономикэ щIыналъэ хэхам («Эльбрус» ВТРК) зегъэужьынымкIэ лэжьыпхъэхэм я планыр. А документым къызэщIеубыдэ 2018 гъэм нэсыху а щIыналъэм зэрызиужьынур. Планым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм щIыгъуу икIи УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ пащэнущ бгы-лыжэ гъуэгухэр щIынымрэ ахэр уэс IэрыщIкIэ къызэзыгъэпэщ системэхэр зэтегъэувэнымрэ яхуэунэтIа лэжьыгъэхэм. Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ курортымрэ абы къедза щIыналъэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр егъэфIэкIуэныр. Хэхауэ кIэлъыплъынущ зы архитектурэ теплъэ зиIэ ухуэныгъэхэр «Эльбрус» ВТРК-м щегъэкIуэкIыным.

Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэщIэм цIыхухэр щыгуфIыкIащ Азау хуейм сабийхэри балигъхэри бгы-лыжэкIэ, сноубордкIэ къажыхьыфу щрагъасэ «Saby Park» щIыналъэ къызэрызэрагъэпэщам. Ар къэжыхьыпIэ нэхъыщхьэм къыпахукIынущ, зыхуеину Iэмэпсымэхэмкiэ къызэрагъэпэщынущ. А IэнатIэр Iыхьищу зэпыудауэ щытынущ, балигъхэм, сабийхэм, япэ лъэбакъуэхэр зыч туристхэм ятещIыхьауэ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ туристхэр щыкуэдщ гъэмахуэ лъэхъэнэми. КIапсэ гъуэгущIэр къызэрызэIуахар сэбэп хъуащ бгы-лыжэкIэ къызэражыхь лъэхъэнэр нэхъ кIыхь щIынымкIэ. Дызэрыт илъэсым кърикIуахэм ятепщIыхьмэ, курортыр илъэс псом лажьэу жыпIэ хъунущ. Гъэмахуэм мыбы зыщагъэсащ бгы-лыжэ спортым и лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ. Илъэс къэс нэхъыбэ мэхъу Iуащхьэмахуэ дэкIыну хущIэкъухэр. БлэкIа мазибгъум ятепщIыхьмэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ цIыху мин 300-м щIигъу къэкIуащ. 2015 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процент 35-кIэ нэхъыбэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэIухащ дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм папщIи. Иджыблагъэ «Шылэ гъуэгушхуэ» маршрутым тету ирагъэкIуэкIа инфортурым хиубыдэу республикэм щыIащ Китайм и лIыкIуэхэр. ХьэщIэхэм хуабжьу телъыджэ ящыхъуащ Iуащхьэмахуэ щалъэгъуахэр. Республикэр хьэзырщ Китайм щыщ туристхэр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщауэ езым и щIыналъэм зэрыщигъэхьэщIэным. Дэ ди мурадщ дунейпсо мардэхэм къезэгъ курорт зэтегъэувэным къарууэ диIэр дяпэкIи етхьэлIэну. Шэч къытесхьэркъым Урысейм и бгы-лыжэ курорт нэхъыфIхэм ящыщ зэрыхъунум къыщымынэу, Iуащхьэмахуэ лъапэ дунейпсо рейтингым увыпIэ лъагэ зэрыщиубыдынум.

Best regards.

Нэхъыжьхэм я псэукIэм я нэIэ трагъэкIыркъым

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ГъуэлъыпIэ 50 зыщIэт социально-реабилитацэ къудамэм и стационарым щыкIэлъоплъ уз гъэтIылъа зэмылIэужьыгъуэхэр зиIэхэм я щытыкIэм. Гъэ къэс абы дэIэпыкъуныгъэ щрат зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветерану, зи ныбжь хэкIуэта цIыхуу миным щIигъум.

Парламентархэм я нэкIэ ялъэгъуащ мы центрым медицинэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм къызэрызэригъэпэщыр. Стационарми амбулаторэми зи ныбжь хэкIуэта дэтхэнэ зы цIыхури зыхуей щыхуозэ.

Нэхъ иужькIэ псалъэмакъым щыпащащ законхэр къыдэзыгъэкI органым зэIущIэхэр щригъэкIуэкI и пэшым. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэ ДыщэкI Мадинэ, КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Расторгуевэ Светланэ, республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я дохутыр, IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зэIущIэм хэтахэм ягу къигъэкIыжащ сыт хуэдэ къэралми и зыужьыныгъэмрэ цIыхухэм яхэлъ гъэсэныгъэмрэ зыхуэдэр къэралыр нэхъыжь дыдэхэм зэрахущытым къызэригъэлъагъуэм теухуа псалъэхэр. Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм гъэ къэс гулъытэ хэха щыхуещI зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухэм я Iуэхухэм, абыхэм я псэукIэм, дэтхэнэми социальнэ дэIэпыкъуныгъэ тэмэм етыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм, жиIащ спикерым.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, иджырей зэманым жыгъэр закъуэныгъэм, къаруушагъэм, тхьэмыщкIагъэм пыщIащ. Иджыпсту нэхъыбэм къазэрыщыхъур пенсэм кIуа цIыхур хадэм щылэжьэн, поликлиникэм щызыкIэлъигъэплъын, и къуэрылъху-пхъурылъхухэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ и бынхэм защIигъэкъуэн хуейуэ аращ. Ар къызыхэкIыр зи ныбжьыр хэкIуэтахэм я социальнэ статусыр лъахъшэ зэрыхъурщ, абы къыхэкIыу къэралми цIыхубэми гулъытэ нэхъыбэ хуащIын хуейщ апхуэдэ цIыхухэм я пщIэр къэIэтыным. Дэ къыдгурыIуапхъэщ зи ныбжьыр хэкIуэтам нэгъуэщI псэукIи иIэнкIэ зэрыхъунур. ЦIыхухэм зэрахэупщIыхьам къызэригъэлъэгъуамкIэ, нэхъыбэм жыгъэм пщIэшхуэ хуащI, уеблэмэ щIалэгъуалэр хьэзырщ нэхъыжьхэм ядэIэпыкъуну, абыхэм я гъащIэр нэхъ тынш щIынымкIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну.

Хабзэу къызэрекIуэкIщи, Кавказ щIыналъэм хиубыдэ ди республикэм пщIэшхуэ щыхуащI хабзэмрэ цIыхугъэмрэ зи гъуазэ, гъащIэм кууууэ хэзыщIыкI, куэд зылъэгъуа, куэди зылэжьа нэхъыжьхэм. Нобэ дыздэщыIа геронтологие центрым хуэдэ нэгъуэщI IуэхущIапIэ щIыналъэ куэдым щыбгъуэтынукъым. Абы лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI геронтологиемрэ гериатриемрэ я лъэныкъуэкIэ. Мы IуэхущIапIэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэфIигъэкIым къыдэкIуэу, социальнэ къалэнышхуи егъэзащIэ зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхум и гукъыдэжыр къэIэтыным, абы дэIэпыкъуным, адэкIэ зыхуеину Iэмалхэр къыхузэгъэпэщыным хуэгъэзауэ.

Шэч хэмылъу, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ республикэм нэгъуэщI Iэмалхэри щыIэщ. Геронтологие центрым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмрэ абы иубзыхуа хэкIыпIэхэмрэ медицинэм и адрей IуэхущIапIэхэми къыщагъэсэбэпыну икIи зи ныбжьыр хэкIуэтахэм зэрадэIэпыкъур ирагъэфIэкIуэну дыщыгугъынщ, - къыхигъэщхьэхукIащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Тюбеев Альберт тепсэлъыхьащ нэхъыжьхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным мы зэманым ди республикэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащIым. Геронтологие центрым къыдэкIуэу, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ нэгъуэщI IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэми. Зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я щIэгъэкъуэн нэсщ республикэм къалэу, муниципальнэ районау щыIэ псоми социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ я IуэхущIапIэхэр. Республикэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и IэнатIэм хиубыдэу иджыпсту зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхуэзэщIэ къэрал IуэхущIапIэу 19 щыIэщ. Абыхэм псори зэхэту гъэ къэс социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зи ныбжьыр хэкIуэта, никъуэдыкъуагъэ зиIэ цIыхуу мин 30-м щIигъум хуащIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэм ипкъ иткIэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ абы никъуэдыкъуэ хэхъухьахэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэ псори 2015 гъэм и накъыгъэ мазэ лъандэрэ пщIэншэу хуащIэ.

Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэр зыхуеину IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Абыхэм Iэмал псори щыIэщ нэхъыжьхэм тэмэму загъэпсэхун, я узыншагъэр зэфIагъэувэжын папщIэ.

Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм иджыпсту хуащIэ Iуэхутхьэбзэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ абыхэм я унэм щадэIэпыкъуныр. Апхуэдэ лэжьыгъэр республикэм и жылагъуэ псоми къыщызэгъэпэщащ икIи абы занщIэу Iуэхур дегъэкI: интернат унэхэм кIуэну хуейхэр нэхъ мащIэ мэхъу, абы къыдэкIуэу апхуэдэ цIыхухэр я унэм нэхъ зыхуей щыхуозэ.

- Къуажэхэм щыпсэу никъуэдыкъуэхэмрэ зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ ящыщу зи закъуэу псэухэм хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм зрагъэубгъун папщIэ жылагъуэхэр къэзызыкIухь бригадэхэр къызэрагъэпэщащ. Абыхэм я фIыщIэкIэ зрагъэубгъуащ жьы хъуахэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм. Бригадэм хэтхэм ящыщхэм унэхэр, псэуалъэхэр зыхуей хуагъэзэ, хьэлъэхэр ягъэIэпхъуэ, хадэхэм йолэжьыхь, щIымахуэм яшыну гъэтIылъыгъэхэр ягъэхьэзыр, а псоми къадэкIуэу медицинэ Iуэхутхьэбзэхэри дагъэкI, - жиIащ КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым.

Зи закъуэу псэу жьыкIэфэкIэхэм, никъуэдыкъуэхэм ядэIэпыкъун папщIэ къуажэхэм кIуэ бригадэхэм нэгъуэщI Iуэху куэди ялэжь. Абыхэм хеубыдэ жьыщIэныр, щыгъыныр зыхуей хуэгъэзэныр, сантехникэм кIэлъыплъыныр, нэгъуэщIхэри.

Социальнэ IуэхущIапIэхэм иджы кърагъэжьа Iуэхутхьэбзэхэм ящыщщ зи щхьэ зыхуей хуззымыгъэзэжыфхэр, пIэхэнэ хъуахэр зехьэныр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Расторгуевэ Светланэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм жиIащ 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхуу мини 165-м нэблагъэ зэрисар, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 19-м зэрыщIигъур. Амбулаторэ-поликлиникэ IуэхущIапIэхэм я диспансер кIэлъыплъыныгъэм абыхэм ящыщу цIыху 131586-рэ щIэтщ, иджы абыхэм я узыншагъэр гъэ къэс къалъытэ. Диспансер учётым апхуэдэу итщ Хэку зауэшхуэм хэтауэ е абы никъуэдыкъуэ щыхъуауэ 278-рэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы никъуэдыкъуэ хэхъухьахэм ящыщу дунейм темытыжхэм я щхьэгъусэу 1250-рэ, «Къаухъуреихьа Ленинград щыпсэуа цIыху» дамыгъэр зратауэ 18. Мы гъэм абыхэм псоми я узыншагъэр медицинэ IуэхущIапIэхэм къыщапщытащ.

Расторгуевэ Светланэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зи ныбжьыр хэкIуэтахэм етынымкIэ лэжьыгъэхэр федеральнэ медицинэ IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщым, цIыху гуп щхьэхуэхэм дзэ Iулъхьэ нымкIэ, хущхъуэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ яIэ льготэхэр къызэрагъэсэбэпым.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэщ геронтологие дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэн, 2025 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм зи ныбжьыр хэкIуэтауэ исхэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкIыным хуэгъэза лэжьыгъэхэмкIэ стратегиер гъэзэщIэн мурадкIэ республикэм и амбулаторэ-поликлиникэ IуэхущIапIэхэм гериатрхэм я пэшхэр къыщызэIуахыну я мурадщ. Абы папщIэ нэхъыжьхэм ядэлэжьэнымкIэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзырынущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Апхуэдэу а IэщIагъэм хуагъэсэнущ иджыпсту лажьэ дохутырхэм, медсестрахэм ящыщхэри, - жиIащ министрым.

Республикэм и геронтологие центрым и унафэщI Хьэжымыкъуэ Руслан къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ зи ныбжьыр хэкIуэтахэм ящыщ куэдым уз гъэтIылъахэр зэраIэр, апхуэдэу ахэр нэхъыбэрэ сымаджэ зэрыхъур. Зи ныбжьыр илъэс 75-рэ хъуахэр, абы нэхърэ нэхъыжьхэр лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм нэхърэ хуэди 2,6-кIэ нэхъыбэрэ сымаджэ мэхъу икIи ахэр гъэхъужыным текIуадэр хуэди 7-кIэ нэхъыбэщ.

ЗэIущIэм Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыхалъхьащ. Къапщтэмэ, къагъэлъагъуащ геронтологие центрым зегъэубгъун, абы кардиологиемкIэ, ортопедиемкIэ къудамэхэр къыщызэIухын хуейуэ къызэралъытэр.

Псалъэмакъым хиубыдэу КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ щIэупщIащ геронтологие центрым и Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэмрэ ахэр къагъэсэбэп зэрыхъуну щIыкIэмрэ теухуауэ зи ныбжьыр хэкIуэтахэм хъыбар зэрырагъащIэм. Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, абы папщIэ зыубгъуауэ къагъэсэбэп зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзэщIэ IуэхущIапIэхэр.

Егоровэ Татьянэ апхуэдэу къигъэуващ дохутырхэр-гериатрхэр зэрагъэхьэзырым, абыхэм я IэщIагъэм зэрыхагъахъуэм, геронтологхэм къалэжьыр зыхуэдизым хуэгъэза упщIэхэр. А псоми я жэуапу Хьэжымыкъуэ Руслан жиIащ, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм ящыщу дэтхэнэри ику иту стационарым махуэ 22-24-кIэ зэрыщIэлъыр. Апхуэдэу дохутыр нэхъыщхьэм къыхигъэщхьэхукIащ мы къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм хуэдэ гъунэгъу щIыналъэхэм зэрыщымыIэр. Абы езым и щIэныгъэ, методикэ Iэмалхэр иIэжщ, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и геронтологие зэгухьэныгъэм и къудамэ къыщызэрагъэпэщащ, апхуэдэу зыхуэфащэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр кафедрэ щолажьэ.

ЗэIущIэм и кIэухым Къэжэр Хьусен къыхигъэщхьэхукIащ нэхъыжьхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, абыхэм я узыншагъэр, гукъыдэжыр гъэбыдэным хуэгъэза лэжьыгъэр зэман кIыхьым зэрытещIыхьар икIи абы хуэфэщэн гулъытэ зэпымыууэ зэригъуэтыпхъэр.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэм япкъ иткIэ абы хэтахэм чэнджэщ пыухыкIахэр къащтащ. Ахэр яхуэгъэзащ КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, нэгъуэщIхэми.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.

Дунеймрэ уэрэдымрэ ещхь

Шэджэм аузым дэтщ Кулиев Къайсын къыщалъхуа къуажэр. Кавказым нэхъ дахэ дыдэу иIэ щIыпIэхэм ящыщщ ар. Къайсын и дежкIэ ар адэжь лъахэ къудейтэкъым, и усэхэр къыщежьэ псынэт, тхэну гукъыдэж къезыт къару мыкIуэщIыжт.

СЫТ ХУЭДИЗ псалъэ дахэ хуагъэша бгыхэм, Олимпыр къызэрыунэхурэ! ИтIани абыхэм Кулиевым хуэдэу ятетхыхьыфыр закъуэтIакъуэ дыдэт. Бгыхэм я куэщIым укъыщалъхукIи, ахэр фIыуэ плъагъукIи, абыхэм я Iэгъуэблагъэм къыщызыкIухь дэтхэнэ зы лъагъуэри пцIыхукIи, ахэр усэкIэ пхуэмыгъэфIэнкIи хъунущ, абыхэм яхуэжыпIэнур уи пэкIэ зыми и жьэ къыжьэдэмыкIауэ. Кулиев Къайсын усакIуэ хьэзыру къыщалъхуат къуршхэм. «СызэрыцIыкIурэ си Хэкум и теплъэ зыкъизыхым сыкъиухъуреихьырт - ар лъэщт икIи гумащIэт», - жиIэрт абы. А плъыфэ зэхуэмыдэхэм - лъэщагъымрэ гумащIагъымрэ - абы и лэжьэкIэми ущрохьэлIэ. Сыт лъабжьэ хуэхъуар абы и талант абрагъуэм, зыми емыщхь и хъэтI нэхум? Е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, сытыт Кулиевым и гъащIэми и тхэкIэми мыхьэнэ нэхъ щызиIэу ибжыр? Си гугъэмкIэ, пэжым щIэгъэкъуэн хуэхъу пкъоитIырщ: телъыджэм ущыгуфIыкIыфынымрэ гупцIанагъымрэ. Ар Кулиевым и закъуэ къызэIуиха щэхукъым, усакIуэу зызыбжыж дэтхэнэ зыми бэм я пащхьэ щихь къалэнщ, щхьэж и жэуаплыныгъэмкIэ щIэгъэбыдыхьыжауэ. «Сэ пцIы фхуэзупсакъым. ПцIы зымыупсым уэрэд жиIэну хуитщ», - жеIэ езы Къайсыни.

Октябрь революцэм и ныбжьэгъу Кулиевыр илъэс пщыкIуий хъу щIалэу ГИТИС-м щIотIысхьэри, а зэман дыдэм Литературэ институтым щекIуэкI дерсхэм макIуэ. Абы и фIыгъэкIэ Кулиевым тхакIуэ, усакIуэ, артист цIэрыIуэхэр къицIыхуащ. Ауэ, итIани, ар мащIэт, уи лъэхъэнэм екIуэкI гъащIэр кууу къэпхутэн папщIэ. Езым и лъэIукIэ щIалэр Дзэ Плъыжьым хагъэхьэри, парашютист мэхъу. Зауэм ягъэкIуа нэужьи, сэлэтым и плIэидзэ хъуржыным сытым дежи Лермонтовым и усэ тхылъ цIыкIу илът. Зауэр иуха нэужь, Кулиевым и дамэтелъхэр зытрихыжащ, ауэ бэнэн щигъэтакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гъащIэр абы къызэрыгурыIуэр псэхугъуэ къозымыт бэнэныгъэут:

МэкъумэшыщIэуи, сэлэтуи,
усакIуэуи сыщытащ.
АпхуэдизкIэ гуауэ куэд
слъэгъуащи,
Дунейм илъэс минипщIкIэ
сытетауэ къысфIощI.

Мы сатырхэм нэхъ IупщIу къагъэлъагъуэ си гугъэщ дунейр къызэрыунэхурэ усакIуэхэр зытетхыхь хабзэ гурыщIэхэр Кулиевым къызэриIуатэ щIыкIэр. Жьымрэ щIэмрэ. ГуфIэгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ. Пэжымрэ пцIымрэ. Лъагъуныгъэмрэ гужьгъэжьымрэ. Хэт абыхэм ятемытхыхьар илъэс мин бжыгъэхэм я кIыхьагъкIэ. Сыт хуэдиз тхакIуэ щыIэ уапеуэн хуейуэ. Гугъущ классикхэм уакъыдэжэну. ИтIани Кулиевым а «мыкIуэдыжын Iуэхухэр» езым и бзэкIэ къиIуэтэжыфырт:

Си лъэпкъым и напэм
ещхьу,
Ущытщ, Iуащхьэмахуэ,
уардэрэ умылIэжыну.
Дунеймрэ уэрэдымрэ
уарещхьщ -
Дыкъалъхун и пэкIэ
ущытащ,
Дызэрежьэжми гу
лъыптэнукъым.

Кулиевыр зыцIыхуа псоми хуэдэу, сэ нэхъ згъэщIагъуэу абы хэлъар дэтхэнэ цIыхуми зэрепсэлъэн бзэ къызэригъуэтыфрат. Мэлыхъуэм бгъэдэсмэ - ар мэлыхъуэт, щIэныгъэлIым епсалъэмэ - щIэныгъэлIт. Ар мэкъумэшыщIэм ещхьу жыIэзыфIэщт, езы щIым къыбгъэдокI апхуэдэу цIыхум дзыхь хуэпщIыфын хьэлыр. Ауэ езым и лъэхъэнэм щыIэ щIэныгъэри къыпкърыщырт, щIэуэ къежьэ фIы псори зыщIишэу.

Си нэгу къыщIохьэж Душанбе дыщыIэу Кугультинов Давид зыгуэр щхьэкIэ едаэуэу сазэрыбгъэдыхьар. «А-а! Мис мыбы зэхигъэкIынщ дэ ди Iуэхур. ЖыIэт, сыт губзыгъагъэр пэжым къызэрыщхьэщыкIыр?» Сызыхуэмыхьэзыр упщIэм сыкъигъэуIэбжьри, Iэнкуну зыгуэрхэр къэзбжащ. Езыри уигу хигъэхъуэн хьэлыр и Iэпэгъуу: «Пэж дыдэщ! Сыту пэж! Губзыгъагъэ Iэджи пхужыIэнущ, цIыху Iущу щыIэм хуэдиз губзыгъагъэ щыIэщ, ауэ пэжыр псоми я зэхуэдэщ».

Сэ сынасыпыфIэщ. Хуэпасэу зи дыгъэр къыкъуэкIа си литературэ ныбжьым сэ зэхэсхащ Ахматовэ, Антокольский, Тихонов, Светлов, Кирсанов, Симонов, Смеляков сымэ усэ къызэреджэр. ХыщI гъэхэм утыку къихьа усакIуэхэм я гугъу сщIыххэркъым.

Сэ сынасыпыфIэщ. Сэ зэхэсхащ Кулиев Къайсын усэ къызэреджэр. «Къеджэн» псалъэм къиIуатэркъым абы усэр утыку къызэрырихьэ щIыкIэр. Усэ къэс абы макъкIэ щIэрыщIэу къигъэщIым хуэдэт. Зэм ар бгым къех уэсым хуэдэу губжьат, зэм пшынэ Iэпэм хуэдэу хыщIэрт, зэм IукIэ гуфIэрт, зэм тэмакъыщIэм зыщигъазэу гухэщIт. Ар зи фIыгъэр театральнэ институтым зэрыщеджаратэкъым - езым къыдалъхуа Iэзагът, утыкум имытыну Iэмал къримыту.

Сэ сынасыпыфIэщ. Зэгуэр, илъэс пщыкIуплI фIэкIа мыхъу усакIуэм езы Къайсын и усэхэм и анэдэлъхубзэкIэ къыхуеджауэ щытащ. СщIэркъым а къарур къызэрысIуэтэнур, ауэ зыри зэдзэкIын хуейтэкъым, псори къызгурыIуэрт. Псалъэхэм я мыхьэнэратэкъым къызгурыIуэр - гурыщIэхэм я купщIэрат.

Зэгуэр ДзэлыкъуэкъуажэкIэ усэ дыкъыщеджауэ дыкъэкIуэжыну машинэ дыпэплъэрт. Пщыхьэщхьэ щIыIэт. Пэш дызыщIэсым щIэт хьэкум и бжэр Iухат, абы и хъуреягъкIэ щыс псоми мафIэ бзий ныбжьхэр гъэщIэгъуэну ятридзэрт. Псори дешат, щэхууи дыпсалъэрт. Абдеж дыдэм хъыджэбз цIыкIу гуэр щыст, клуб дыздэщыIам и унафэщIым и пхъуи-и пхъурылъхуи, джэдыгу гъуабжэ гуэр щыгърэ щэхубзэу къуэгъэнапIэм къуэсу. Гу лъатащэртэкъым сабийм, езыми еуэ-еуэурэ и Iэпхъуамбэхэр и нэкIум Iуихьэу слъагъурт, зыхуэсхьынур сымыщIэу. «Сыту сабий гъэса, щэхуу щысщ»,- жысIэри сегупсысащ.

Асыхьэтым Къайсын къэтэджри хъыджэбз цIыкIум бгъэдыхьащ, IэплIэкIэ къищтэри, хьэкум гъунэгъуу къетIысылIэжащ. Хъыджэбз цIыкIур и куэщIым щыщIиупскIэурэ ар нэщхъейуэ икIи тIэкIу дыкъигъэуIэбжьу, «МафIэр плъагъуркъэ-тIэ?» жиIэурэ сабийм дэуэршэрырт. Абы и жэуапыр зэхэсхакъым, зэуэ къызгурыIуар си щхьэм дэуейри, сыкъэмэх пэтащ - хъыджэбз цIыкIур нэфт...

Дауэ, дауэ ар Къайсын къызэрищIар, пэшым и адрей кIапэм деж щысу. Дауэ мы цIыкIунитIэм и гуауэм куэд зылъэгъуа, куэд зышэча балигъым и гум зэрызыпхидзар?! Си анэм и Iэр сIыгъыу сымаджэщым сыщыщIэлъым, а хъыджэбз цIыкIурт сигу къэкIыжыр, гукIэ сызэлъэIури сыщIелъэIури къызгурымыIуэжу.

Ди зы дэтхэнэ зэхуэзэри сощIэж. Си зы тхылъ къыдэкIакъым Кулиевым и пэублэ псалъэ зыкъизых къэзмылэжьахэр имыту, езым теухуа уси хэмыту.

«Зымахуэ Инал слъэгъуащ, - жиIащ абы зэгуэрым, Воровскэм и уэрамым хуэмурэ дрикIуэ пэтрэ. - Уи адэм и закъуэ си гугъэщ Мэзкуу адыгэ пыIэ щхьэрыгъыу къыщызыкIухьыр. ЛIыгъэ иIэщ! Мы дублёнкэхэмрэ ондатрэ пыIэхэмрэ елъытауэ адыгэ пыIэр - мыкIуэдыжынщ».

Сэ иджыри сщIэртэкъым си псэм пэгъунэгъу а цIыху телъыджитIыр куэд дэмыкIыу зэрысфIэкIуэдынур - гъащIэ къызэзытамрэ литературэм си псэр хэзышамрэ. Ауэ къэсащ а махуэ хьэлъэр.

Сыт хуэдэ жьыбгъэ уэ ар зэрыбгъеяр, Шэджэм? Хэт уигу къэкIыжар абы щыгъуэм: шыдым тес щIалэ цIыкIура, хьэмэ еджакIуэ, гимнастёркэ зыщыгъ щIалэра? Е хьэщыкъ хъуа и нэхэмкIэ мывэхэм псэ къыIузыгъакIэу щыта усакIуэра? Щрет ар уи щэху гухэщIу.

«Сэ сызэрыбгырысым щхьэкIэ сытым дежи зызгъэщIагъуэрт», - жиIэрт усакIуэм. «Бгырыс» псалъэр мыбдежым «ЦIыху» жыхуаIэ къэхъукъащIэм хуэбгъакIуэ хъунущ мыхьэнэкIэ. Шэджэм щыщ ЦIыху, ЩIылъэм щыпсэуа Iэзэ гуэр... Кулиев Къайсын.

КЪЭШЭЖ Иннэ.
1985 гъэ

НОБЭ

♦**Суд приставым и махуэщ**

♦**1800 гъэм** США-м и унафэщIхэм ящыщу япэу Адамс Джон Iэпхъуащ президентхэм я хэщIапIэщIэм - иджыпсту ахэр Унэ ХужькIэ зэджэм.

♦**1857 гъэм** Урысейм япэ пощт маркэр къыщыдагъэкIащ. Абы щхьитI зыфIэт бгъэм и сурэт тетт, и уасэр кIэпIейкIипщIт.

♦**1894 гъэм** Урысейм и пащтыхь тахътэм итIысхьащ къэралым и иужьрей император Николай ЕтIуанэр.

♦**1897 гъэм** «Ювентус» (Италие) футбол командэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1899 гъэм** «Варяг» кхъухьыр тенджызым япэу техьащ.

♦**1922 гъэм** Налшык парт школ къыщызэIуахащ.

♦**1936 гъэм** Налшык Урыс драмэ театр къыщызэIуахащ.

♦**1938 гъэм** япэу ягъэунэхуащ Хэку зауэшхуэм и зэманым цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щыта «Катюша» Iэщэм и къарур.

♦**1941 гъэм** США-мрэ Канадэмрэ я зэхуакум, Ниагарэ псыкъелэм щхьэщыту, лъэмыж къыщызэIуахащ.

♦**1993 гъэм** Европэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1998 гъэм** «Культура» телеканалым лэжьэн щIидзащ.

♦Дзэ, къэрал къулыкъущIэ, Урысейм и лъэпкъ лIыхъужь **Пожарский Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 438-рэ ирокъу.

♦Урыс шахматист, дунейм шахматхэмкIэ и 4-нэ чемпион **Алёхин Александр** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кулиев Къайсын** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **ГуэбэщIыкI Жантемыр** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгъушэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩымыIэ умылъыхъуэ, къыплъыхъу умыгъэпуд.

Бзэгузехьэрщ Тхьэм нэхъ жагъуэ дыдэу илъагъу цІыхур

● Уаз

Дунейм сыт хуэдиз Іэзыгъуэфі щимыІэжьми, бзэгу зехьэныр зыхэлъым Алыхьым и нейр щыхъащ. Гузэшышхэхэр 70 мэхъури, ар абыхъэм ящыщщ.

Дин щІэныгъэлІ псоми зэакъылэгъуу жалащ, бзэгу зехьэным пылъ гуэныхьшхэр къемэт махуэм гуащІэу зэрапшынэжьынур. Алыхьыр зыгъэгубжь Іэзыгъэщ бзэгур. Тхьэм и нейр къытщыхуэмэ, сыт и мыхъэнэжыр дунейм дыщытетым?

КъурІэным къыщоклІуэ: «Уа, Іиман къэзыхьах! Ви мылъкумрэ бынымрэ зыдеэгъэхьэхыу Алыхьыр зыщыкІымыгъэгъупщэ. Апхуэдэу зыщІэрщ унэхъуар. Дэ фэтта мылъкум фІы къыпэвгъакІуэ, ажалыр къыфІъэмыІэс щІыкІэ. Ар къызэпъэІэсым жиІэнущ: «Уэ, си Тхьэ! ТІэкІу сыбгъэпсэужамэ, сэдэкъэри стынт, Уи нэфІыр зыщыхуэхэсым ящыщ сыхъунт». Зи ажал къэсам Алыхьым хуигъэІэпхъуэркъым. Алыхьыр щыгуэзэщ фэ фщІэм».

Іэят лъапІэм щыгуэзэ дещІ тІэщІэкІа зы дакъикъэми къэзыгъэхуемыгъэгъэзэжмэным. Бзэм къызыкІэ зы псалъэ зэкъуэкІэ цІыхум и насыпыр пхуэкъутэнущ. Зы анэ къиІэхуэкэр, зэщхьэгъусэхэр, зэныбжьэгъуэхэр, зэгъынэгъуэхэр зэфІэбгъэкІуэдыфынущ. А хьэл мыхъумышІэр зыхэлъхэр Алыхьым апхуэдизкІэ фІэлъагъуГуэйщи, Тхьэм и псалъэу ЬурІэным къыщоклІуэ: «Дэкъэзыгъэщ! Фи фІэфІкъым псалъэ щызэрахьэм деж, лажьэ зимыІэу лей зытехьам къищынэмыщІа. Алыхьым псори зэхех, елъагъу». *(ЦІыхубзхэр)*. Мы Іэятымкіэ Тхьэм къыдгурегъаІуэ, бзэгузехьэхэр и пащхьэм зэрыщыпудыр, ар зэрыхьэрэмышхуэр, абыхэм къемэт махуэм жэуап тІкІий зэрахьынур. Лажьэ зимыІэу лей зытехьахэм я гукъэуэр яІуатэкІэ гуэныхь къаухьынукъым, ауэ абы щыгъуэми лей зылъысар зыми Іейкіэ тепсэлъыхьи, ар игъэпуди хъунукъым. Алыхьым бгъэдилъхьэу, лей зезыхьам хуигъэгъуфмэ, абы Іиман щыпкъэ иІэу араци, апхуэдэхэм папщІкІэ КъурІэным къыщоклІуащ: «Залымыгъэм пагъэувыжьыр залымыгъэщ, Ауэ ар игъэгъуу еклІуэжьым Тхьэм и фІыщІэр къизхьынущ. Шэч хэлъкъым Алыхьым хабзэншагъэр зэримыгъэгъуэм».

Нэгъуэщі Іэятым къыщоклІуэ: «Уа, Тхьэр зи фІэщ хъуахэ! Зыщыфхъумэ псалъэ зехьэным - ар хьэрэмщ. Зым и щыбагъкІэ адрейр фыкъумыпсалъэ. Дунейм ехьажи фи анэкъилъхуэхэм я лыр фшхыну фыхуей? Ар фэркІэ гущыкІыгъуэкъэ?! АтІэ фыщцышынэ Алыхьым. Тхьэм гущІэгъу хэлъщ». *(ПІэшхэр)*.

Бзэгу зехьэныр Дыкъэзыгъэщіам апхуэдизкІэ и жагъуэщи, ар хуегъазэ хьэдрыхэ щыІэ анэкъилъхуэм и лыр зэщхьэм.

Алыхьым и цІэхэм ящыщщ «Тэууаб» (тобэр къабыл зыщІ) цІэ лъапІэр. Псалъэ зевмыхъ, тобэ къэфхьыж, гурэ псэкІэ тобэ къэзэлъхьыжьым и лъэІур Тхьэм къабыл ещІ.

Алыхьым и пщыгъэм апхуэдизкІэ гуІэгъуэ къытхуещІри, зы фІы закъуэ тІщІэмэ, абы къыпэкІуэу псалъэ 10-м къыщІэдзауэ 70-м нэс тхуетх. Ди гум къэкІа фІыр тІщІэну тхуэзфІэмыкІами, дигу къэзэрыкІа къудейм щхьэкІэ псалъэ тхуетх. Зы Іей зыщІам хуитхыр ищІам пскІуэ зы гуэныхьщ.

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Колумбием хиубыдэ Майкао къалэм дэт, Умар Ибн-Аль Хъэтlаб и цІэр зезыхьэ мэжджыгъыщхэр Латин Америкэм щынэхъ ин дыдэхэм яІщыщщ. Ар 1997 гъэм яухуащ. Абы йокІуэлІэ дин щІэныгъэ зэзыгъэгъэуэтыну хуей цІыху куэд, сыту жыпІэмэ, а зы мэжджыгъырщ испъэм диным ехьэлІа Іэзыгъуэ псори щызэфІагъэкІыу а щІыналъэм итыр. Тхьэм и унэм цІыху 1000-м зэуэ нэмэз щащІыфынущ. Абы елэжьащ Ираным щыщ, архитектор нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ Али Намази. Абы ирахьэлІар Италием щащІ мрамор нэхъыфІ дыдэхэрщ, мэжджыт кІуэцІым и блынэкэм КъурІэн Іэятхэм щыщ тетхащ, азэн джапІэм метр 31-рэ и лъагагъщ.

● УпщІэ - жэуап

Сыт лІахэм я псэм лъысынур?

Дунейм ехьажа цІыхум и псэм узэхех икІи укъелъагъу - ар апхуэдэу Алыхьым къигъэщІащ. ЦІыхур лІа нэужь, абы и тхыльыр (и лэжьыгъэхэр зэрытыр) зэхуащІыж. Зыхуамыщ!ыжу къэнэр сэбэпныгъ къызыпыкІхэу абы дунейм къытринахэрщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, тхыль купщІафІэ къыдигъэкІамэ, абы хьэфу къраджыкІым хуэдиз псапэ ар зи Іэдакъэщ!экІым хуатх. Апхуэдэщ мэжджыт, лъэмыкІ ухуэныр, псы щІэшэныр, бын губзыгъэ гъэсэныр. А къедбжэкІа псоми сэбэпынагъыу къапыкІым хуэдиз псапэ ар зыщІам и тхыльым ирагхэ.

Дунейм ехьжар хуэдэщ псым щІилъафэм. Ар убыдыпІэ лъэхъуэ зэпытщ. Абы и псэм нэсынущ КъурІэн ухуеджэныр, сэдэкъэ хуэптыныр, ауэ зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым дунейм тетыху ищІам хуэдэ ахэр зэрымыхъунур.

Мыхъумыщ!агъэ кыдэзэынэкІахэми я Іэдакъэщ!экІым къыпыкІ Іейуэ хъуари ятх. Псалъэм и хьэтыркІэ, цІыхур зыгъэщхьэрыуэ тхылъ, кино къыдэзыгъэкІхэр, Алыхьым игъэхьэрэма ахъшэ джэгупІэ зыщІалхэр.

Араци, цІыхур лІэми, и Іэдакъэщ!экІыр ятхынущ Къемэт махуэр къэсыху.

● КъурІэным щыщ хъыбар

Гъэщ!эгъуэнт Юнус лІыкІуэм и гъащ!эр

Іисраил и быным яхэтащ Мэтэкіэ зэджэ цІыхуфІ гуэр. Ар цІыхуфІ къудейтэкъым, атІэ Тхьэм и арэзыщІынагъэм телажьэ зэпытт. Абы сабий иІэтэкъым, ауэ ар и хъуэпсапІэт. Нэмэз рэкъхэтитІ ищІри, и ныбжыр фІыуэ хэкІуэтами, Тхьэр бынкІэ къэхъуэпсэну щІэлъэІуат. ЦІыху псэ къабзэм и лъэІур къабыл хъури, щІалэ цІыкІу Алыхьым къритащ икІи илъэс куэдкІэ зыпэплъа сабиим Юнус фІищащ.

Юнус Тхьэм и лІыкІуэщ

Закарие лІыкІуэу щыщытха зэман жьжьэрат Юнус Тхьэм къыщигъэщІар. А лъэхъэнэм Іисраил и быным цІыху 500 нэгъуэщ гъащІэм зыдрамыгъэкъэхъу, аъэрэт гъащІэр къыхэхъауэ, Алыхьым и арэзыщІынагъэм телажьэу.

Дыкъэзыгъэщіам и Іэмыркіэ мелыІычыр Закарие хуокІуэри жреІэ цІыху 500-м ящыщ нэхъыфІ дыдэу 100 къахишыну. ЛІыкІуэм апхуэдэу ищІащ. Етіуанэу Іэмыр щащІ а 100-м ящыщу нэхъыфІу 50 къахишыну. Ари иІэзэщІащ. Иужькіэ къалэн щащІащ 50-м нэхъыфІу 20-р къигъэлъагъуэу, а 20-м нэхъыфІ дыдэу яхэтыр къахишыну. ЛІыкІуэм фІым я нэхъыфІу къыхишар Юнусщ. Закарие щыгъуазэ хъуащ Юнус Тхьэм и лІыкІуэу зэрыщытым. Іэмырэ зыбгъэрэ ягъэмэхащ, ар лІа я гуГэу къаГаанэри зэбгрыкІыжащ. Ауэ Алыхьыр гущІэгъуэщІкъэ?! Къуалэбзуи и дамэхэмкІэ Тхьэм и Іэмыркіэ лІыкІуэм и напэм псы щытрикІэм, Юнус зыкІщІэжащ. ЗэрапІышытым. Іэзыгъ зыІутыр Юнус къыщищІэм, Тхьэм щхьэщэ, фІыщІэ хуищІащ.

Юнус Джэбрэіилыр къэзыуэкІуат

Зэгуэрым Юнус бгъуэнщІагъым деж къыщикІухьу мелыІыч Джэбрэил къыхэзыкІуэри къалэн щищІащ Нанивэ къалэм кІуэуэ Тхьэр зэрызэкІуэр щІэлъэІуэну. Абы щыгъуэм ягурагъэІуэну. Юнус и ныбжыр илъэс 40 ирикъуат. А къалэн мытыншыр игъэзощІэн мурадкІэ и цІыхэгъусэмэр и щІалэ цІыкІуитІыпхъэ бгъэунщІагъым деж къыГаанэри езыр къалэм дыхьащ. ЦІыхубзыр диныи къыхуригъэІуэну. Абы щыгъуэм ар адэрэтэкъым, ПІыкІуэм мывакІэ еуэрэ ягъэмэхащ, ар лІа я гуГэу къаГаанэри зэбгрыкІыжащ. Ауэ Алыхьыр гущІэгъуэщІкъэ?! Къуалэбзуи и дамэхэмкІэ Тхьэм и Іэмыркіэ ПІыкІуэм и напэм псы щытрикІэм, Юнус зыкІщІэжащ. Ижь-ижьыпсым щІэлъэІуэну. Ар хьэпс кІыфІым ирадзащ. Ауэ Алыхьым и къарур гъэщІэгъэнкъым - жэнэтым кърихри хьэпсым уэздыгъэ нур щыІэкІодзащ Джэбрэил мелыІычым. А тельыджэр зыпІэгъуэхэм Іиман къэзыхъу мусльмэн хъуа къэхэкіами, къалэм и пщым ар эзхихну зыкІэтэкъым. «Е къалэр убгынэнущ, е узукІынущ», - жиІэу пщым Юнус зыщщохуигъэзэм, ПІыкІуэм къалэр ибгынащ. Арщхьэкіэ Алыхьым ПІыкІуэм Іэмыр щищІащ Нанивэ къалэм игъэзэжу и къалэным адэкІи щыпшэжну. Тхьэм зэризакъуэм махуэ 40-кІэ цІыхубэр хуриджэну. Тхьэм ПІыкІуэм жриІащ: зэман пхухэтхам кърибудэу уи къыхуеджэнышъэ хьэкъуэу зыпхъмыкІэм (махуэ 40 нэужьым) япэ махуэм я щыгэр гъуэжь хъунуц , 7-нэ махуэм - фІыщІэ, 10-нэ махуэм Алыхьым и нэлатыр ятритыкъэнущ. А псоми щыгъуазэ хъуа цІыхухэм Алыхьри Юнуси къабыл щамыщІым, Тхьэм Іэмыр ищІащ ПІыкІуэр къалэм дэкІыжину. ИкІи Алыхьым къызэригъэгуГа дыдэм хуздэу и хьэзабыр цІыхубэм ятрилъхьащ.

Абы иужькІэ абыхэм Іиман къэхъащ Алыхьымкіи ПІыкІуэмкіи, ауэ абы Юнус щыгъуазэтэкъым.

Юнус шейтІаным къызэригъэпцІар

Мэлыхъуэ сэифэтым ит шейтІаныр ЛІыкІуэм щыІущІэм, Юнус абы еупщІащ къызэдикІамкІэ. ШейтІаным жиІащ: «Нанивэ къалэм сыкъэкІащ, къалэдэсхэм я Іуэху фІы дыдэщ Юнус зэрахъумыгъэкІрэ икІи абыхэм ар къалъхъуэ яукІыну». Ар зи гум цІыхэ ЛІыкІуэм Тхьэм Джэбрэил къэхуигъэкІуэн инэ къихуэу а щІыпІэм пэжыжьэ зищІащ.

Алыхьым ЛІыкІуэр зыгъэунэхуащ

Алыхьым къалэн щимыщІу ЛІыкІуэм щІыпІэр зэрибгынам папщІэ Тхьэм гугъуехь пыухыкІахэм Іуигъэщ!ащ Юнус.

ЛІыкІуэм и унагъуэр щІыгъуу гъэзэгуанэ жьжьэ техьэн мурадкІэ кхъуэным щитІысхьэм, псыдэ кхэкъыри, и щхьэгъусэр псым щІилъэфащ. Махуэ зыбжанэкІэ Юнус абы лъыхъуэжьаш, игъэтыжакъым. Ар абы икъукІэ игъэгуэущхъуащ. Етіуанэ кхъухьи къэсу щІытІысхьэм, и щІалэ нэхъыжьыр хы толъкъуным ихьащ. Юнус абы щІыкІэпхъэпсэм, адрей и щІалэр дыгъужьым ирихьжьащ. И жьыпм илъэ ахъшэри ФІэкІуэдащ. Зыри имыІэжу дунейм къытена ЛІыкІуэм къыгурыІуат Тхьэр зыгуэркІэ зэригъэгубжьар, ауэ сыткІэми кхъухъщІэртэкъым. Зи чэзу къытехьэгъуэ кхъухьым итІысхьа нэужь, ЛІыкІуэм жей къытеуэри Іуригъащ. Ар къышыхьыр и пІэм икъухат, адэкІи мыдэкІи мыкІуэфу. ЦІыхухэм жаІащ: «Мы кхъухьым Тхьэр зыгъэгубжьа гуэр исщи, ар псым хэдгэн хуейщ». Ар щызэхихьым, ЛІыкІуэр тэджащ псым зыхидзэжьыну. Апхуэдэ Іэмыртэ, «Нун» кІэ здэжа джвшухэм я кІуэцІым къышцыхутащ Юнус. Абы и тхьэмщІыгъум деж ЛІыкІуэм нэмэз щищІащ, Тхьэм елъэІуащ. Мелыыычэр Алыхьым еупщІащ: «Я!элыхь, къызэдикІыр къытхуэмышІэу щІыпІэмкІэ къиІукІ тэсбихь мэкъыр сыт зищысыр?» Алыхьым жиІащ: «Ар джейм и кІуэцІым илъ Юнус и лъэІу макъэрщ». Мелыыычэр ЛІыкІуэм гущІэгъу хуищІыну Тхьэм хуеГъэІуащ. Джейм Іэмыр зэрыщщІам тету, ар ЛІыкІуэм зэран хуэхъуакъым. Юнус псэууэ абы и кІуэцІым къикІыжащ. Джейм и кІуэцІым щІлъам Юнус жиІа духьэм и пъапІэгъэ пхуэдейкІэ пхуэІуэгэнукъым. Абы теухуауэ КъурІэнми Іэят итщ, хъэдисми кхуэду ущрохьэлІэ.

ЛІыкІуэм и унагъуэр игъэунэхуащ

Юнус зэрыпсэуи щыгъуазэ хъуа цІыхубэм я гуфІэгъуэр гъунапкъэншэт. Зэгуэрым ЛІыкІуэм деж къэкІуа зы лІым жиІащ: «Бдзэжьей сещэу сыздэщысым си хъыбар зы щІалэ дахэ цІыкІу гуэр къиубыдащ. Ар си деж щыІэщ». ЕтІуанэ лІым жиІащ: «Сэ дыгъужьым ихьу зы сабий къытесхащи, ари си деж щыІэщ». Ещанэм жеІэ: «Псым имытхьэлэу къчела бзылъхъуэ къарууншэм сыщрихьэлІэм, ЛІыхьыр си фІэщ зэрыхъум и къэгъэкІыжынкъым, псэуплІ естауэ ди деж щыІэщ». Ахэр КІуэ и унагъэрат. Алыхьым ЛІыкІуэм и духьэ лъапІэр къабыл ищІащ, и унагъэури иритыжащ. Мис апхуэдэу ЛІыкІуэм и гъащІэр къежІэкІащ.

Юнус и духьэ лъапІэр

«Ла Іилахъэ Іилла антэ субхьанэкэ ини кунту минэ залимин»

Сытым ещхь ди гъащІэр?

Мухьэмэд бегъымбарым жиІауэ хъэдисым къыщыкІуащ пщыхьэпІэр япэ дыдэу зыхуэпІуатэм къыбжиІэр къызэрыхъур. Абы ипкъ иткІэ, фи нэгу щІэкІар зигуэ фЫ илъ щыхуэм фІэкІа нэгъуэщІым хуэмыхъуар. Ауэ Алыхьыр щІэлъэІуэнщ. Ар лъэпкъ зэрыщыхъуар, ар зэрыгъэлъагъуар, ар зэрыгъэгубжьар, ар зэрыгъэпсэурэ ягъэмэхащ, ар лІа я гуГэу къаГаанэри зэбгрыкІыжащ. Ауэ Алыхьыр гущІэгъуэщІкъэ?! Къуалэбзуи и дамэхэмкІэ Тхьэм и Іэмыркіэ ПІыкІуэм и напэм псы щытрикІэм, Юнус зыкІщІэжащ. Ижь-ижьыпсым щІэлъэІуэну. Ар хьэпс кІыфІым ирадзащ. Ауэ Алыхьым и къарур гъэщІэгъэнкъым - жэнэтым кърихри хьэпсым уэздыгъэ нур щыІэкІодзащ Джэбрэил мелыІычым. А тельыджэр зыпІэгъуэхэм Іиман къэзыхъу мусльмэн хъуа къэхэкіами, къалэм и пщым ар эзхихну зыкІэтэкъым. «Е къалэр убгынэнущ, е узукІынущ», - жиІэу пщым Юнус зыщщохуигъэзэм, ПІыкІуэм къалэр ибгынащ. Арщхьэкіэ Алыхьым ПІыкІуэм Іэмыр щищІащ Нанивэ къалэм игъэзэжу и къалэным адэкІи щыпшэжну. Тхьэм зэризакъуэм махуэ 40-кІэ цІыхубэр хуриджэну. Тхьэм ПІыкІуэм жриІащ: зэман пхухэтхам кърибудэу уи къыхуеджэнышъэ хьэкъуэу зыпхъмыкІэм (махуэ 40 нэужьым) япэ махуэм я щыгэр гъуэжь хъунуц , 7-нэ махуэм - фІыщІэ, 10-нэ махуэм Алыхьым и нэлатыр ятритыкъэнущ. А псоми щыгъуазэ хъуа цІыхухэм Алыхьри Юнуси къабыл щамыщІым, Тхьэм Іэмыр ищІащ ПІыкІуэр къалэм дэкІыжину. ИкІи Алыхьым къызэригъэгуГа дыдэм хуздэу и хьэзабыр цІыхубэм ятрилъхьащ.

Абы иужькІэ абыхэм Іиман къэхъащ Алыхьымкіи ПІыкІуэмкіи, ауэ абы Юнус щыгъуазэтэкъым.

Алыхьыр хъуми, уэри укъихъумэнщ!

● Мыхьэнэшхуэ зиІэ хьэдис

Нобэ зи гугъу тщІынур Алыхьым и ЛІыкІуэ лъапІэу Мухьэмэд бегъымбарым и хьэдисхэм ящыщ зыщ. Ар къэзыІуэтэжар Бегъымбарым и Іэщхьабэхэм ящыщ дин щІэныгъэлІ Ибн Хьэбасщ. Жеlэ абы: «Бегъымбар лъапІэм и щІыбагъым сыкъидэсу, зыІэпщІауэ щытащ». «Уа, си щІалэ, Алыхьыр арэзы къэщІыпхуэхъун псалъэ зыбжанэ уэзгъэщІэн?»

«Сэгъащ!э, ЛІыкІуэ лъапІэ», - жысІащ сэ». «Алыхьыр уэ хъуми, Езыми укъыгурымэжынщ. Уи Іэхъуэ щыфІми деж Тхьэр зыщумыгъэгъупщи, уи Іэхъу зэфІэзэрыхьа нэужь, Езыми укъыгурэтынщ. Уп!эІэнумэ, Алыхьым ел!эІу, дэІэпыкъуэгъу ухуэныкъуэмэ, Тхьэм зыхуэгъазэ. Зыгуэрыгъэ!э мыр: Дунейм тетІу хэзыр фЫ къыпхуащІынэ зэгуры!Іуэми, Тхьэм къыпхуихуэбэщ фЫгъэувыгъэщ къыпплъыспэр. Тхьэм къигъэщІа псоми я зэран къуагъэкІыну зэгуры!Іуами, Алыхьым къыптрилъхьам фІэкІа зыри къыпплъ!эІэсынукъым. Зыгуры!гъа!уэ, уэ пфІэмыфІ куэд уэркІэ хъеру Тхьэм къигъэщІащ, ауэ абы уэ ущыгъуазэкъым. Зыщумыгъэгъупщэ шы!эныгъэм текІуэныгъэр зэрыщІыгъур, гуэзэгъуэм иужькІэ псэкуГэу зэры-щ!ынэр, гугъуехьым тынш!ыгъуэ къыздэщІыпхъэ!ун!э, - жиІащ Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм».

Мы хьэдисым къыщощІэубыдэ ислъам диным дыкъэзыхуриджэ Іэзыу нэхъыщхьэхэм ящыщ куэд. Уеблэмэ, дин щІэныгъэлІ Ибн Аль-Джэузий жиІауэ щытащ: «Мы хьэдисым кІуикІым сыщегупсысам си акъылыр сфІэкІуэд пэтащ. Мыр къыбгурымы!уэныр, ар умыгъэзэщІэныр насыпыншагъэщ». Мы хьэдисым теухуауэ нэгъуэщІ дин щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Ибн Рэджэб тхылъ пох къыдигъэкІауэ щытащ. Апхуэдэу щыщытІкІэ, хьэдисым и мыхьэнэр нэхъ эзпкърыхауэ фи пащхьэ нитлъхьэнщ. ЛІыкІуэм и псалъэу «Алыхьыр хъумэ» жыхуиІэм и мыхьэнэр Тхьэм деж-кІэ пльэныщ, Алыхьым игъэ!уэ гъунапкъэхэм емыбэкъуэныщ, къытхэщІа унафэхэр зэзэщІэныщ, игъэхьэрэма Іэзыгъуэхэм яп!эІащІэ зыщІыныщ.

Алыхьым и унафэхэм ящыщу япэ дыдэу хъумэн хуейр нэмэзырщ. Нэмэзым екъэлІауэ Алыхьым и псалъэу КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ. «Фхъумэ нэмэзхэр, ику ит нэмэзри...» (Бэкъэрэ сурэм и 238-нэ Іэятыр). ЛІыкІуэм и хъдисми къыщыкІуащ: «Ахэр (нэмэзхэр зыхъумэр) Алыхьым къегъэгунэ жэнэт хадэхэмкІэ».

Ислъам диным тхъумэну дыкъызыхуриджэхэм ящыщщ андезри. Андезыр - нэмэзым и Іунк!ыбзэщ. Абы теухуауэ ЛІыкІуэ лъапІэм жиІащ: «Андезым хэсакъхэр зи Іиманыр быдэхэращ».

Диным тхъумэну дыкъэзыхуреджэ тхъэрыІуэр. Тхьэм и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: «Фхъумэ фи тхьэрыІуэхэр» (Малидэ сурэм и 89-нэ Іэятыр). Мыхьэнэшхуэ иІэщ Тхьэ Іуэным. Тхьэ зыІуам жиІар игъэзэщІэн хуейщ, имыгъэзащІэмэ, абы къызэкІуэ гуэныхьэр зэрилъшыныжынур махуищкІэ нэщІ иІыгъэмщ.

Дин щІэныгъэлІ Тирмизи къиІуэтэжа хьэдисым мыр къыщыхощ: «Инэжыгъэ!кІэ Алыхьыр зи хъущыфхуэярэзынур щхьэмрэ щхьэм къызэщІикІыбдзэжмрэ (нэмрэ тхьэкІумэмрэ), ныбэмрэ абы игъусэжмэ (гур) игъэкъабзэмэщ. Абы и мыхьэнэр - щхьэм имыпльэныжынырщ, тхьэкІумэм зэмыдэІуапхъэ зэхемыгъэхынырщ, нэми имыльагъупхъэ емыгъэлъагъунырщ, ныбэр мыкудэныщ, Тхьэм игъэхьэрэма мышхынырщ, имыфынырщ, апхуэдэуи гури гъэкъабзэн хуейщ. Абы мыхьэнэшхуэ зэрищІэн и щІыхэтщ Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуар: «Зэвгъащ!э, фэ фи гум илъэр Алыхьым ещІэ, фысакъ!» (Аль-Бэкъэрэ сурэм и 235-нэ Іэятыр).

ЛІыкІуэ ПІапІэм и хъдисым и мыхьэнэм егупсысауэ ар зыгъэзащІэр жэнэт Іыхьлы зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Абы щыхъэт тохъуэ КъурІэн лъапІэри хъдисхэри. А мардэхэм дызэрытетыным дыхущІэвгъэкъу.

Іэтауэ ягъэлъэпІащ

Мусльмэн псоми ди зэхуэдэ КъурмэнмахуэшхуэрІэтауэ щагъэлъэпІащ Прохладнэ куейм хиубыдэ КъэрэгъэшІэ къуажэм. АбыкІэ фІыщІэ лей хуэфащэщ илъэс 30-м щІигъуауэ Тхьэм и арэзыщІынагъэм телажьэ, а къуажэм и раІис Іиманым Нэгъуей Хьэсэнбий.

Къуажэдэс нэхъыжьыфІхэри нэхъыщІэ цІыкІуэхэри а махуэм гулъытэншэу къэнакъым. Іэнэшхуэхэр ягъэувыри, цІыхухъухэри бзылъхугъэхэри ягъэхьэщІащ. Сабийхэм щхьэхуэу Іэнэ хуагъэуващ, ДжэгупІэхэр, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъэкІыкІын щІыпІэ хэхахэр куэду щыІащ.

- Мылъку и лъэныкъуэкІи, мы Іэхур къызэгъэпэщынкІи цІэрыІэкъуэн зыхуэпІуатэм къыбжиІэр къызэрыхъур. Ауэ зыІутыр щІэлъэІуэнщ. Ар хьэпс кІыфІым ирадзащ. Ауэ Алыхьым и къарур гъэщІэгъэнкъым - жэнэтым кърихри хьэпсым уэздыгъэ нур щыІэкІодзащ Джэбрэил мелыІычым. А тельыджэр зыпІэгъуэхэм Іиман къэзыхъу мусльмэн хъуа къэхэкіами, къалэм и пщым ар эзхихну зыкІэтэкъым. «Е къалэр убгынэнущ, е узукІынущ», - жиІэу пщым Юнус зыщщохуигъэзэм, ПІыкІуэм къалэр ибгынащ. Арщхьэкіэ Алыхьым ПІыкІуэм Іэмыр щищІащ Нанивэ къалэм игъэзэжу и къалэным адэкІи щыпшэжну. Тхьэм зэризакъуэм махуэ 40-кІэ цІыхубэр хуриджэну. Тхьэм ПІыкІуэм жриІащ: зэман пхухэтхам кърибудэу уи къыхуеджэнышъэ хьэкъуэу зыпхъмыкІэм (махуэ 40 нэужьым) япэ махуэм я щыгэр гъуэжь хъунуц , 7-нэ махуэм - фІыщІэ, 10-нэ махуэм Алыхьым и нэлатыр ятритыкъэнущ. А псоми щыгъуазэ хъуа цІыхухэм Алыхьри Юнуси къабыл щамыщІым, Тхьэм Іэмыр ищІащ ПІыкІуэр къалэм дэкІыжину. ИкІи Алыхьым къызэригъэгуГа дыдэм хуздэу и хьэзабыр цІыхубэм ятрилъхьащ.

Абы иужькІэ абыхэм Іиман къэхъащ Алыхьымкіи ПІыкІуэмкіи, ауэ абы Юнус щыгъуазэтэкъым.

● Фи лъэІукІэ

ЩэкІуэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1,	гъубж	05.11	06.41	12.00	14.44	16.57	18.37
2,	бэрэжьей	05.12	06.42	12.00	14.43	16.55	18.35
3,	махуэку	05.14	06.44	12.00	14.42	16.54	18.34
4,	мэрем	05.15	06.45	12.00	14.41	16.53	18.33
5,	щэбэт	05.16	06.46	12.00	14.40	16.52	18.32
6,	тхьэмахуэ	05.18	06.48	12.00	14.39	16.50	18.30
7,	блыщхьэ	05.19	06.49	12.00	14.38	16.49	18.29
8,	гъубж	05.20	06.50	12.00	14.37	16.48	18.28
9,	бэрэжьей	05.22	06.52	12.00	14.36	16.47	18.27
10,	махуэку	05.23	06.53	12.00	14.35	16.46	18.26
11,	мэрем	05.24	06.54	12.00	14.34	16.45	18.25
12,	щэбэт	05.26	06.56	12.00	14.33	16.44	18.24
13,	тхьэмахуэ	05.27	06.57	12.00	14.32	16.43	18.23
14,	блыщхьэ	05.28	06.58	12.00	14.32	16.42	18.22
15,	гъубж	05.30	07.00	12.00	14.31	16.41	18.21
16,	бэрэжьей	05.31	07.01	12.01	14.30	16.40	18.20
17,	махуэку	05.32	07.02	12.01	14.29	16.39	18.19
18,	мэрем	05.33	07.03	12.01	14.29	16.38	18.18
19,	щэбэт	05.35	07.05	12.01	14.28	16.37	18.17
20,	тхьэмахуэ	05.36	07.06	12.01	14.27	16.37	18.17
21,	блыщхьэ	05.37	07.07	12.02	14.27	16.36	18.16
22,	гъубж	05.38	07.08	12.02	14.26	16.35	18.15
23,	бэрэжьей	05.39	07.09	12.02	14.26	16.35	18.15
24,	махуэку	05.41	07.11	12.02	14.25	16.34	18.14
25,	мэрем	05.42	07.12	12.03	14.25	16.33	18.13
26,	щэбэт	05.43	07.13	12.03	14.24	16.33	18.13
27,	тхьэмахуэ	05.44	07.14	12.03	14.24	16.32	18.12
28,	блыщхьэ	05.45	07.15	12.04	14.23	16.32	18.12
29,	гъубж	05.46	07.16	12.04	14.23	16.31	18.11
30,	бэрэжьей	05.48	07.18	12.04	14.23	16.31	18.11

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущ!апІэм къыдитащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЬІЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

Молэ Артур уэрэд жеІэ.

● Гъуазджэ

«Асса» сабий ансамблыр.

Дызэрыгушхуэ уэрэджыІакІуэ

Ташло Алий

Уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ, дунейпсо фестивалхэм я лауреат Молэ Артур жэпуэгъуэм и 26-м Налшык, Профсоюзхэм щэнхабзэмкlэ я унэм, щитащ «Сыщалъхуэ си Хэку» концерт гукъинэжыр. Пшыхьыр иригъэкlуэкlащ пародист Дым Елдар.

- ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и мызакъуэу, Владикавказ, Москва, Санкт-Петербург кlалэхэм къыщацlыху, республикэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулlэныгъэфlэхэмрэ саугъэтхэмрэ къыщызыхьа Молэ Артур оперэ, эстрадэ уэрэджыlакlуэщ, бас-баритон макъ лъэщ зиlэщ. Ди цlыхубэ уэрэдыжьхэри абы фlыуэ къохъулlэ, гум дыхьэу егъэзащlэ, - жиlащ Дымым.

Насып Диана

Молэ Артур Іэущъхэмахуэ и щыгум мы гъэмахуэм щыдзакlам, «Андемыркъан» адыгэ цыхубэ уэрэдыжьыр игъэзащlэу траха видеомкlэ концертыр къыдэхуахащ. Адэкlэ абы жиlащ Магомаев Муслим, Пресли Элвис, нэгъуэщlхэми ягъэзащlэ уэрэдхэм ящыщхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ Артур фонограммэ къыдэхъримыгъэсэбэпар, и макъ гуакlуэр дэтхэнэми зэрызыхищlар, уеблэмэ абы дежьууахэри зэрымымащlэр.

Концертыр щlэщыгъуэу, гъэщlэгъэну екlуэкlащ. Ар игъэдэхащ УФ-м щlэхъ зиlэ и артист Ташло Алий, уэрэджыlакlуэхэу Хьэкъул Оксанэ, Азычэ Замир, Насып Дианэ сымэ, «Джэгуакlуэ» цlыхубэ ансамблым, УФ-ми КъБР-ми щапхъэу къыщацlыхьа «Асса» сабий ансамблым, нэгъуэщlхэми.

Москва щыпсэу икlи щылажьэ ди хэкуэгъу уэрэджыlакlуэм зэфlэкl зэрiэм аргуэру щыхьэт техъуащ мы пшыхьыр. Молэ Артур фlыщlэ яхуищlащ концертым къыдыхэтахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлlахэмрэ.

Хьэкъул Оксанэ

Азычэ Замир

ТЕКlУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэжэр Борис Залым и къуэр

Къобэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщlыныгъэшхуэ игъуэтащ.

И ныбжьыр илъэс 69-нэм иту дунейм ехыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхубэ артист, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щlыхь зиlэ и артист Къэжэр Борис Залым и къуэр.

Щукин Б. В. и цlэр зезыхьэ театр еджапlэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, Къэжэр Борис 1975 гъэм Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщlидзащ. Театрым зэрыщыlа илъэсхэм кърибыдэу абы игъэзэщlащ и щlэныгъэри зэфlэкlри наlуэ къэзыщlа роль хьэлэмэт куэд. Абы хэмэ ящыщщ Закировым (Абдуллин А. и «Епщыкlущэнэ тхьэмадэ»), Ной (Ричард Н. и «Уэшхыр зыщэ»), Пасхуалинэ (Эдуардо де Филиппо и «Купьелло гуащэм и унэм къыщрагъэхьа илъэсыщlэр»), Нинел (Николаи А. и «Гуапагъэ тlэкlу»), Мэжид (Ольмезов М. и «Даущыншагъэм и щlагъэщlэбзэр») сымэ, нэгъуэщlхэми я ролхэр.

Актёр Іэкlуэлъакlуэу зэрыщытыр Къэжэр Борис къыщигъэлъэгъащ «Къуршхэр жейркъым», «Шууей» кинофильмхэм.

Іэзагъышхуэрэ Іэкlуэлъакlуагъэ нэсрэ зэрыхэлъым къыдэкlуэу, Борис цlыху гуапэт, къыдэлажьэхэм сыт и лъэныкъуэкlи гулъытэщхуэ яхуищlырт.

Дунейм ехыжащ актёр Іэзэр, цlыху хьэлэмэтыр, интеллигент нэсыр. Ар и Іыхьлыхэм, и ныбжьэгъуэхэм, къыдэлажьэу щытахэмрэ театрыр фlыуэ зылъагъэхьэмрэ зэи ящыгъупщэнкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэ
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Театр лэжьакlуэхэм я союз
Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр
Кулиев Къайсын и цlэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр
Горький Максим и цlэр зезыхьэ Урыс драмэ театр

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Сурэт зэпеуэ

КъБР-м щыІэ МВД-м иregъэкlуэкl сабийхэм папщlэ илъэс къэс къыщэрагъэпэщ «Си адэ-анэр полицэм щолажьэ» зэпеуэр.

А ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэт хъунущ илъэси 6-14 ныбжьым хиубыдэ ныбжьыщlэхэр. Сурэтхэр А3 формэтым къитlасэу, ар зи Іэдакъэщlэкlыр къозыгъэцlыху тхыгъэ щlыгъуу щытын хуейщ.

Сурэтхэр 2016 гъэм щэкlуэгъуэм и 8 пщlондэ евгъэхь хъунущ мы хэщlапlэм: Налшык кlалэ, Кулиевым и уэрам, 10 - КъБР-м щыІэ МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэ къыщэгъэпэщыным, балигъ мыхъуахэм я Іэхъуэмкlэ и къудамэм (ООДУУП и ПДН МВД по Кабардино-Балкарской Республике), «Си адэ-анэр полицэм щолажьэ» жиlэу къыщыгъэлъэгъауэ. Сурэтыр евгъэхь хъунущ фыщыпсэуми и щlыналъэ хабзэхъуэмэ Іэнатlэм.

Фыщlэупщlэ хъунущ мы телефонхэмкlэ: (8662) 49-54-63, 49-53-70.

Сурэт нэхъыфlхэр ирагъэхьынущ урысейпсо зэпеуэм икlи Урысей МВД-м и интернет-сайтым ираlухьэнущ.

Къэрал кlуэцl Іуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

● Тхылъэщlэ

Омар и уэрэд жыІэкІэр

Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапlэм иджыблагъэ къыщыдагъэкlащ «Отаровское песенное волшебство» тхылъыр. Ар теухуащ Отаров Омар къызэраlухурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлlэу къызэрагъэпэщыну республикэ щlэныгъэ конференцым.

- БАЛЪКЪЭР уэрэджыlакlуэ, узэщlакlуэ цlэрыlуэт Отаров Омар... Республикэм и радиомрэ телевиденэмрэ я хорым щыхэтам абы и уэрэд жыlэкlэмрэ и макъымрэ удахьэхырт. И лъэпкъым и блэкlар, балъкъэр, къэрэшей лlыхъужьхэм я Іэзэкlыгъэкlэ абы игъэзащlэу щыта уэрэдхэм, - жеlэ Котляровэ Марие.

Отаров Омар цlыхубэм я узэщlакlуэу, лъэпкъ Іэзэрыlуатэм тхыдэ фэ-ерлъ мыхьэнэ зэриlэр и лъэпкъэгъуэм захэщlатащ, абы пщlэ хуащlыным къыхуриджэу щытащ.

Балъкъэр уэрэджыlакlуэм и гъащlэмрэ и гуащlэмрэ яteуухуа тхылъыр къыдигъэкlащ Кавказ Ищхъэрэм Гъуаздджэхэмкlэ и къэрал институтым.

БЖЬЫХЬЭЛl Розэ.

Цlыху бжыгъэкlэкъым зэрызахъумэжыр

● Футбол

«Мордовия» (Сараск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Сараск. «Старт» стадион. Жэпуэгъуэм и 30-м. Цlыху 1200-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Борисов (Самарэ), Дуденков, Мухтаров (tIури Петрозаводск щыщщ).

«Мордовия»: Чебану, Молодцов, Багаев, Сабитов (Кренделев, 62), Осипов, Лебедев, Астафьев (Алхазов, 68), Игнатович, Пазин (Дегтярёв, 59), Амбарцумян, Саркисов (Деобальд, 42).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мэкъуауэ, Соблир, Дашаев, Мурачёв, Дроздов, Мухьэмэд (Марченкэ, 86), Каркаев (Семёнов, 84), Крамаренкэ (Войнов, 74), Аъвадов, Гугуев.

Топыр дигъэкlащ Дегтярёвым, 89-нэ дакъикъэм пенальтикlэ (1:0).

Дагъуэ къыхуащlащ: Сабитовым, Мухьэммэд, Крамаренкэ.

Джэгум къыхахуащ Мурачёвыр.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Мордовия»-мрэ я зэпэщlэтыныгъэхэм сыт щыгъуи хэгъэрейхэр щытекlуэ хабзэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэу къыщыхуащ вэсэмахуэ Саранск щызэхэта иужьрей зэлъащlэми.

Мордовием и командэ нэхъыщхьэм премьер-лигэр мыгъэрей гъатхэм ибгынащ. Дыдейхэми хуэдэу, абы щыхэта итыдэхэм тратlэщхэ мыпхукур иджы яхуригъэкъужьыкъым. Иужьрей мазэхэм я улахуэр къыздэкlуэ щlэныгъэкlэ зэрызэпэщlэувыlат икlи «Спартак-Налшыкым» дэмыджэгуни Іуэхум хэлъащ. Арщыхэкlи икlэщlыпlэкlэ ахъшэр кьагъуэту щыхъуэр япшыныжьа иужькlэ, зэлъщlэр зэхэтащ.

Джэгум и япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ ди щlалэхэм наlуэ къащlащ зэрытемыгъэкlуэныгъэр я нэщанэу Саранск къыздэкlуар. Япэрауэ, ахэр занщlэу икlуэтащ, я гъуэр яхъумэжыныр япэ зэрырагъэщlыр кьагъэлъагъуэу икlи мыпlащlэурэт топыр зэрызэlэпахыр. Етlуанэрауэ, зэлъщlэм и кlэухым ирихьэлlэу ди гъащlэхъуэмэхэм я бжыгъэр цlыхуихым нэсащ.

«Мордовия»-р апхуэдизу зыкъэзыгъэбдахэм зэрапэлъэщ щыlэтэкъым. Абы и футболистхэм зэ закъэущ бжыгъэкlэ мэкъуауэ Залым Гучэ щыдигъэщlам. Ар лъэщу зэуа топыр хэгъэрейхэм я гъуэм зымащlэкlэщ зэрыхуэмызэр, я гъащlэкъэхъумэхэм ящыщ зым техуэри.

Адэкlэ къэхуар фlэщыныгъэрейщ. Зы очкор я Іэрыпхъэу къэзыlыпхъа налшыкдзэхэм я гъуэм пенальти кьеуэн хуейуэ судьям игъэувауэ. «Мордовия»-м и ебгъэрыкlуэныгъэ мащlэкэм ящыщ зыр къыщигъэувыlэм, Мурачёвым фlыгъол хабзэр къыздэпудащ. Кьуанщагъэ зыбгъэдэлъыр джэгум къыхихыри, судьям топыр метр пщыкlузым и дежкlэ щигъэтlылъащ.

Зэлъщlэм къызэрыхыхьэрэ куэд мыщlа Дегтярёвыр лъэщу япэ дивизионым иужьу щызэхэта зэлъщlэхэм кьаракlуэ бжыгъэхэмкlэ. Мис ахэр: «**СКА-Хабаровск**» (Хабаровск) - «**Тосно**» (Ленинград область) - **1:0**, «**Тюмень**» (Тюмень) - «**Енисей**» (Красноярск) - **2:3**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **0:0**, «**Тамбов**» (Тамбов) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - **0:0**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Динамо**» (Мэскуу) - **2:3**, «**Химки**» (Химки) - «**Спартак-2**» (Мэскуу) - **1:0**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **1:0**, «**Сокол**» (Саратов) - «**Балтика**» (Калининград) - **1:0**, «**Факел**» (Воронеж) - «**Зенит-2**» (Санкт-Петербург) - **1:0**.

Урысей Федерацъэм футболымкlэ и япэ дивизионым къыкlэлъыкlуэ джэгуныр щэкlуэгъуэм и 5-м щызэхэтынущ, «Спартак-Налшыкым» а маxуэм къиргъэблагъэнущ зэхэзэхуэм ещанэ увыпlэр щызыlыгъ Воронеж и «Факел»-р.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацъэм футболымкlэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекlуэкlыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1.	«Динамо»	19	13	4	2	33-15	43
2.	«Тосно»	19	11	5	3	32-16	38
3.	«Факел»	19	9	6	4	23-15	33
4.	«Шинник»	19	8	6	5	24-17	30
5.	«Енисей»	19	9	3	7	25-20	30
6.	«СКА-Хабаровск»	19	7	7	5	21-20	28
7.	«Спартак-2»	19	7	6	6	24-20	27
8.	«Зенит-2»	19	6	8	5	22-23	26
9.	«Тамбов»	19	6	7	6	15-17	25
10.	«Тюмень»	19	6	6	7	20-22	24
11.	«Луч-Энергия»	19	6	5	8	15-19	23
12.	«Кубань»	19	5	8	6	19-18	23
13.	«Химки»	19	5	8	6	16-23	23
14.	«Мордовия»	19	6	4	9	19-22	22
15.	«Волгарь»	19	6	3	10	20-28	21
16.	«Спартак-Налшык»	19	4	9	6	13-16	21
17.	«Сокол»	19	3	11	5	19-23	20
18.	«Сибирь»	19	3	10	6	16-20	19
19.	«Нефтехимик»	19	3	6	10	15-27	15
20.	«Балтика»	19	2	8	9	11-20	14

Концертым фрагъэблагъэ

Щэкlуэгъуэм и 1-м Музыкэ театрым концерт щекlуэкlынущ. Цlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуауэ Налшык и щыпlэ администрацэм къызэригъэпэщауэ.

МАХУЭШХУЭ концертым хэтынущ КъБР-м и уэрэджыlакlуэхэмрэ къэфакlуэ гупхэмрэ: Сокъур Ольгэ, Текуев Амур, Третьяк Татьянэ, Цокlыл Аэзмэт, Аттаев Азнор, Гуазэ Тимур, «Кабардинка», «Балкария» ансамблхэр, нэгъуэщlхэри.

Концертым щlидзэнущ сихьэт 18-м, абы хэт хуейми еплъыфынущ пщэ щlамыту.

Бзылъхугъэм и дунейр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ сурэтыщl Аэзмэт Светланэ и лэжьыгъэхэр.

КъБР-м и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщl **Темыркъан Геннадий** гъэлъэгъуэныгъэр къыщыхэзlуахым жиlащ Аэзмэт Светланэ и лэжьыгъэхэр 100-м зэрыщlигъур. Лъэпкъ музейм къищынэмыщlауэ, абыхэм ящыщ куэд Щэнхабзэмкlэ фондым щагъэлъагъуэ.

- Сурэтыщl гъуэздж эр фlыуэ зылъагъуэр Аэзмэт Светланэ и лэжьыгъэхэм щыгъуазэщ. Абы и дэтхэнэ зы лэжьыгъэри укъэзыгъэлъэбжьщ, узыгъэгупсысэщ, телъыджэщ. Гъуаздджэм дихьэхэм мыхэр гъэщlэгъуэн зэращыхъунум щэн къытесьэркъым, - жиlащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

КъБР-м и цlыхубэ сурэтыщl **Кlыщ Мухьэдин** къытеувыlащ Светланэ художник ныбжьыщlэхэм я джэкlэ зэрыщапхъэм, абы и сурэтхэм цlыхухэм яхуиlэ лъагъуныгъэр къызэрыщыгъэльэгъуам, щыналъэм и сурэтыщl гъуазджэм хэлъхьэныгъэфl зэрыхуэхъум.

Аэзмэт Светланэ 1985 гъэм щыщlэдзауэ Урысеймрэ и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. И сурэтхэр хагъэхащ республикэпсо, щlыналъэ, урысеипсо, дунеипсо (Сирие, Иордание), нэгъуэщl щlыпlэхэм щекlуэкlа гъэлъэгъуэныгъэхэм. И лэжьыгъэхэм ущеплъкlэ, нэрылъагъущ ар зи хьэтl, зи дуней лъагъукlэ зиlэж сурэтыщlу зэрыщытыр. Нэхъыщхьэращи, утыку кърихьа дэтхэнэ зы лэжьыгъэри щхъэкlэплъыкlэщ, гъэщlэгъунэщ, узыгъэгупсысэщ.

Аэзмэт Светланэ фlыщlэ яхуищlащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы кърихьэлlахэмрэ.

БЖЬЫХЬЭЛl Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Мариноч (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариноч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, ХьэжькІэрэ Алик, ШхьэщэмыщІ Иэз.**

Ezыгъэтхаэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кlалэ, Ленинym и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; здэлэжьакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тиздэз тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщацlэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ авэр зытехахэм иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епlыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьа Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту яхтащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокl.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык кlалэ, Ленинym и уэрам, 33

Мы къыдэкlыкlуэгъэ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къашокъэ Элэ**, *редактору* **ТекІужь Заретэ**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **НэужькІуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепlэгъ ящlащ* **Дол Мариноч, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбэхъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ тралдэзи хуейщ сихьэт 20-м, щытрадзар сихьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1666